CHIRATIDZO

Mungagara henyu. Mangwanani, kwamuri mose! Ndino mufaro kuva mushumiro yaShe mangwanani ano, ndadzoka zvakare pa . . . Ndanga ndisingazivi kuti tichadzoka zvakare here kana kuti kwete, asi Ishe vatipa nzira, nokudaro tadzokera musangano wanhasi. Zvino tiri kutarisira nguva dzinoshamisa nhasi, mangwanani ano, muchidzidzo cheSunday School, muShoko. Uye husiku huno tinenge tichinamatira vanorwara, chirairo chichitevera shure kwaizvozvi.

2 Uye zvino tine ku—kuiswa komwana mucheche kuna She, Ndinotenda va . . . Hama Neville vanga vachindiudza kuti pano munhu ari kuda kuti mwana wake aiswe kuna She. Uye dai vakaunza mwana, panguva ino. Uye hama yedu irambe iri, kana kuti mumwe wavo, ange ari paorgani kana piyano, chimwe chazvo. Zvino vaunze mwana kuno. Tichamuisa kunaShe; kuti tikurumidze kupinda, nokuchimbidzika kwatinokwanisa, muShoko.

3 Nokuti, tinoda ku—kugara muShoko. Ndicho, chinhu chikuru, kupa nguva yedu kuShoko raShe. Nokudaro tinotenda zvikuru nokuda kwomukana wokusangana nemi mose pano nhasi, uye ku . . . uye mu—mumusangano uno.

4 Ndinofanira kunge ndakanganisa. Zvakanaka, hanzvadzi. Nda—nda—ndafungidzira kuti varipo. Pamwe kukanganisa. Zvakanaka. Zvino, ndinokutendai, chaizvo, zvakadaro. Ndinofunga, zvataurwa nomumwe munhu, ataurirwavo nomumwe munhu, zvinobva zvaita kuti zviti womei.

5 Zvino munhu wose ari kunzwa zvakanaka here? [Wungano, "Ameni."—Mupepeti.] . . . ? . . . Mwari arumbidzwe!

6 [Hama Neville vanoti, "Havanoi vava kuuya."—Mupepeti.] O-o, hongu, havanoi vadiki, Ndino hurombo. Ndino hurombo. Zvakanaka, mungauya here, eridha. ["Hongu, changamire."]

7 Zvakanaka, tarisai, vasikana vaviri vakanaka kwazvo, vana maziso ebhurauni! Hu? Vakanaka kwazvo. Zita rake ndiani? Tarisa kuno! [Amai vake vanoti, "Jennifer Lee."—Mupepeti.] Jenny? ["Jennifer Lee."] Jennifer Lee. Rokupedzisira rinonzi ani? ["Serept."] Serept. Munobva kupi, Hanzvadzi Lee? ["Versailles, Illinois."] Versailles, Illinois. Zvakanaka sei!

8 Zvino, muBhaibheri. Zvino, kazhinji, vano—vano bhabhatidza vana vadiki; hatitendi mukubhabhatidza vana vadiki, nokuti havasati vatadza, nokuti vachiri vadiki kwazvo. Asi tinotenda mukuisa vana kuna Ishe. Zvino eridha neni tichaisa maoko edu pamwana mucheche. Mati, ndiJenny? [Hama Nevillie vanoti, "Jennifer."—Mupepeti] Jennifer. Zvakanaka.

Tikotamisei misoro yedu.

9 Baba vedu vari kuDenga, mangwanani ano tinouya nomusikana mudiki uyu, anonzi Jennifer, kwaMuri, amai navadikanwi vabva kure, kuti apirwe kuna Ishe. Tinoziva kuti Makaisa maoko Enyu pavadiki vakadai, mumazuva Enyu, uye—uye Makati, "Regai vadiki vakadai vauye kwaNdiri, musavadzivise, nokuti Humambo Hwokudenga ndohwavakadaro." Zvino tinomupa kwaMuri, kuti akushumirei muhupenyu, muZita raJesu Kristu. Ameni.

10 Zita romumwe musikana mudiki ndiani? [Amai vake vanoti, "Connie Lynn."—Mupepeti] Connie Lynn. Zvakanaka, kamwana Connie, unoita, unoita kuti ndinzwe kuva mudiki. Chii, unotya nhai? O-o, ndino hurombo hazvisi kuzoshanda, amai. Zvakanaka.

Tikotamisei misoro yedu.

11 Ishe Jesu, amai vanouya nomwana uyu Connie kwatiri mangwanani ano, kuti tizomukumikidza kuna Mwari Samasimba. Makavapa mwana uyu, kuti vakudze, zvino ivo vari kuuya naye kwaMuri, nakakoma kake. Ndinonamata, Baba vokuDenga, kuti Muve netsitsi. Ropafadzai mhuri yavo. Ropafadzai uyu musikana mudiki. Apo tiri kuisa maoko edu paari, muZita raIshe Jesu Kristu, tinomupa kwaMuri kuti akushandirei muhupenyu. Ameni.

Mwari akuropafadzei, navana venyu avo.

Zvino, tava navacheche vakawanda zvino!

12 Kakomana aka kanonzi ani? [Amai vake vanoti, "Joel Lee Watson."—Mupepeti.] Joel Watson. ["Joel Lee."] Joel Lee Watson. Mukomana akanaka zvakadini, namaziso makuru ebhuru-u! Ko! Munobva kupi? ["Eastman, Georgia."] Munobva kuGeorgia. ["Hongu."] Ndanga ndichifunga kuti munobva kuChamhembe. Ndanga ndisingazivi. . . [Zvakanaka, amai vangu vanobva kuTifton. Ndiko zasi ikoko."] O-o, hongu. O-o, mhoro! Uyu mukomana akanaka, anobva kuGeorgia, zvino, uhu? Zvakanaka, changamire. Hongu, changamire, zvakanaka kwazvo. Anogona, kutauravo. Haakwanisi here?

Tikotamisei misoro yedu.

13 Baba vedu vari kuDenga, tinouya nomukomana uyu, apo baba namai vamire pano no—nokuda kwomuchato wavo. Makavapa uyu mukomana mucheche kuti varere, zvino ivo vanodzoka naye kwaMuri. Mu—mufananidzo wakanaka zvakadini, kufanana naHana, wakare, akanamatira mwana; uye—uye Mwari akamupa mwana, akadzoka naye kutembere yaMwari, kuti aropafadzwe. Itai, Ishe, kuti uyu mukomana azova muranda weNyu, kuti baba namai varopafadzwe, uye ngavave nohutano nesimba rokumurera. Uye dai ararama hupenyu hwakareba, nomufaro, uye ave muranda weNyu, apo tichimuisa

kwaMuri, muZita raJesu Kristu. Ameni. (Muropafadzwe!) Uye aitwe mukomana kwaye, pamwe mumwe muprofita mudiki akafanana naSamueri.

14 Zvino pano pana vakomana vakanaka vaviri. Maiwe! Vatatu pano? Zvino, ndiyo mhuri yacho yose. Zita rako ndiani? [Mukomana anoti, "Michael."] Michael. Ko rako ndiani? [Mumwe mukomana anoti, "Paul."] Paul. Mazita akanaka kwazvo! Ko rako? [Musikana anoti, "Debbie."] Debra. Zvakanaka chaizvo. Michael, naPaul, naDebra. Ko zita rokupedzisira? [Baba vanoti, "Eliis."] Ellis? ["Hongu."] Zvino, imhuri duku yakanaka kwazvo, ndinokuudzai.

15 Munozivei, kana ndichiona vana vadiki vakadai, zvinonditora kumakore angu ndiri mwana mudiki. Uye kutaura kwavakuru kunoti, munoziva, "Vanotsika tsoka dzako iko zvino, uye mwoyo wako pamberi apo," asi handitendi kuti zvinozodaro kana tavaisa kuna She. Tine basa pano, uye Mwari akariisa mumaoko enyu. Akakuita muparidzi. Ndinogaroti pamusoro pamadzimai anoparidza, munoziva, asi mudzimai wose muparidzi; iyi ndiyo ungano yake, munoona, kurera vana zvakanaka, apo baba vanenge vari kubasa. Uye mune basa. Mwari akuropafadzei mose. Mune mhuri duku yakanaka.

16 Baba vedu vari kuDenga, tinouya naMichael, anenge ndiye dangwe. Uye tinoisa maoko edu paari, tichimukumikidza, kuna Jesu Kristu. Mhuri yake yauya navaduku ava nokuti Makaisa izvi mu—mukuchengeta kwavo, zvino vanoziva kuti havakwanisi, pasina batsiro yeNyu, saka vanouya nemhuri yavo duku, kuvapira kwamuri.

17 Zvino ndinopa Michael uyu kwaMuri, kuti azokushumirai, muZita raJesu Kristu. Zvimwe chetevo, tinoisa maoko edu pana Paul, uye tinopira hupenyu hwake kuna Jesu Kristu, kuti azokushumirai muhupenyu hwake kuti Mwari arumbidzwe. Uye pana Debra, tinoisa maoko edu, Baba, tichimuisa, tichirangarira Jesu Kristu, Akaisa maoko Ake pavana vadiki, akati, "Regai vauye kwaNdiri; musavadzivisa." Dai hupenyu hwakamusikana aka hwaropafadzwa muHumambo hwaMwari.

18 Ropafadzai baba namai, uye dai vararama, hupenyu hurefu, kuti vaone vana vavo vachishumira Mwari. Tinokumbira maropafadzo awa kuti Mwari arumbidzwe, apo tichivaisa kwamuri muZita raJesu Kristu. Ameni.

Akuropafadzei! Akuropafadzei! Muri mhuri diki, yakanaka. Hongu.

19 Chii cha . . . Munoziva zvandinofunga? Vasikana vadiki vano, vakanaka mazuva ano kupinda zvavaisimbova pandaiva mukomana muduku. Hongu, changamire. Maziso makuru akanaka sei! Zita rake ndiani? [Amai vanoti, Joanna."—Mupepeti] Joanna. Ko rokupedzisira ndi . . . [Baba vanoti, "Blair."] Blair, Joanna Blair. Iwe wakatarisa uko, haasi

zvitambo here? Hongu, changamire. Uye wakadini, Joanna, huh? Anenge anoti nyarei, Joanna, anoti nyarei. Kamwana kakanaka kanoyevedza.

Tikotamisei misoro yedu.

20 Baba vedu vari kuDenga, mhuri yokwaBlair yakapiwa ichi kumuchato wavo, uyu mudiki Joanna. Uye tinoziva kuti mazuva aipa, apo Satani ari mativi ose, kuti atsause, kunyanya vasikana vadiki ava. Uye vanoziva kuti havakwanisi ku—kumurera zvakanaka. Zvino vanoda kuti arerwe zvakanaka, uye kuti ave muranda kwaMuri. Uye vanoda kurera mwana uyu kuti Murumbidzwe. Zvino vanouya naye, kumupira, kwaMuri. Tinoisa maoko edu paari, muZita raJesu Kristu, apo tinopa Joanna Blair kuHumambo hwaMwari, kuti Mwari arumbidzwe. Ameni.

Akuropafadzei, Hama Blair. Mwari ave nemi.

21 Mangwanani, changamire! [Baba vanoti, "Mangwanani!"—Mupepeti.] Uyu mukomana akanaka sei uyu! Iwe, wakadini? Zvino, unotaridzika zvakanaka kana ukatendeuka ukatarisa *uku*. Hongu, changamire. Une musoro, wakanaka, muduku, nokumeso kunofambirana nawo. Uhu? Anonzi ani? ["Daniel Mark."] Daniel Mark. Ko rokupedzisira? ["Mark Harden."] Harden. ["Harden"] Harden, Daniel Mark Harden.

22 Munobva munzvimbo ino here, Hama Harden? [Hama Harden vanoti, "Zvino, guta reMelkerk."—Mupepeti] Hongu, changamire. Munobva kupi? ["Ndaimbova kuNew York State."] Munobva kuNew York State. muYankee nhaika. ["Hongu."] Zvakanaka, inyika ine mbiri. Ndine hama dzinogara ikoko. Babamunini vangu vanogara kuPlattsburgh. O-o, ndakava nenguva dzakanaka dzokufara muNew York. Ndiko kwandiri kuenda nomusangano wangu unotevera, New York City, kuchechi yamatombo iriko ikoko. Zvakanaka.

23 Zvino, zita rake mati, ndiMark? [Baba vanoti, "Daniel Mark."—Mupepeti] Daniel Mark, mukomana akanaka sei!

Tikotamisei misoro.

24 Ishe Jesu, tinouya kwaMuri naDaniel Mark, kuzopira upenyu hwake. Hwakapiwa mumaoko ababa namai, kuti varere mwana uyu mukuraira kwaMwari. Zvino vanoziva kuti havakwanisi, nokudaro vanouya naye kwaMuri, Ishe, kuti Muropafadze hupenyu hwake. Uye, zvino, tinoziva kuti nguva yaipa, yatinorarama mairi. Tinoona vadiki ava, hatizivi kuti mangwana anei, asi kunyangwe zvikazovei, tinovaisa muruoko rweNyu. Tinoisa maoko edu pamukomana mudiki uyu, nokupira hupenyu hwake kwaMuri, kuti akushumirei muHumambo hwaMwari, muZita raJesu tinonamata. Ameni.

25 Mwari akuropafadzei, hama. Mukomana akanaka. Uye akuropafadze iwe, mudiki Mark.

Oh . . . navo, uyai navo,
Uyai navo kubva muzvivi;
Oh, uyai navo, uyai navo,
Uyai navo kuna Jesu.

Zvakanaka chaizvo! Ndatenda, hanzvadzi.

26 Vangani vaiva pano neSvondo, vakanamatirwa musi weSvondo yapfuura, vari kunzwa zvibereko zvokuti makapodzwa? Simudzai mavoko enyu, imi makanamatirwa. O-o, zvangu; tarisai muone, vangangoita vose zvavo.

27 [Hama Neville vanoti, "Hareruya! Hazvishamisi here! Mwari arumbidzwe! Ndanga ndichinzwa nezvazvo, vhiki yose."—Mupepeti] Hongu, changamire. Nenivo, ndinoda kugara, ndichinzwa, maona.

28 Onai, pane chinhu chiri kuitika, chandichakuudzai pamberi apo. Saka, zvino, onai, chi—chinobwinya uye chinoshamisa. Uye kana tika . . . Tichataura pamusoro pazvo, muno mumwe musangano, munoziva, imwe nguva. Chiri kutotanga kuitika, uye tinotenda nokuda kwacho.

29 Uye ndanga ndiri zasi uko kuKentucky, sezvandinoita gore roga roga, ndinoendako. Ndakanga ndiine dzimwe shamwari dzangu ikoko. Uye hakuzi kungondovhima tsindi bedzi, uye munozviziva, maona.

30 Saka tine nguva inoshamisa, uye tinotenda Ishe.

31 Ndinofanira kuti ndichienda zvino, ndinofanira kuenda kumba shure komusangano uno. Uye zvakare, uye tino . . . Zvino ndichadzoka zvakare, shure kwakanguva, ndiri kuenda kuNew York kuno musangano. Uye kana tikawana mukana wokumbomira zvishoma, ti—tingafara kuva noumwe musangano pano, paTabhernakeri.

32 Uyezve ndinofanira kudzoka, ndichienda kuShreveport. Uye todzokera zvakare kumusha, toedza kuti tive pano munguva yezororo, kana Ishe vatendera, ndouya nemhuri zvakare. Uye zvino—uye zvino ndinoda ku . . .

33 Zvino musangano wangu unozova kuPhoenix, muna Ndira. Ndiwo musangano wapagore weChristian Businessman. Uye vhiki kana mazuva gumi izvi zvisati zvaitika, ndichaedza ku—kurenda zimba riya . . . ravanhu veZita raJesu; yaisimbova yeHama Garcia, uye ha—hama yechiSpanish vari ikoko vane nzvimbo yakanaka, huru ikoko. Vachangoivaka. Inogara zvuru zvakati zvavanhu, ichiri itsva, uye vungano yavo iduku zvikuru. Vakandiudza kuti ndinokwanisa kuirenda nguva ipi zvayo yandinenge ndichida. Pano kuti ndifambe kwose— kwose, ndichitenderera mupata, kubva pachechi iyi ndichienda pane imwe, ndinofunga ndichangounganidza vanhu vose muungano huru yomubatanidzwa, munoona, toitira ikoko.

34 Uye tinokwanisa kurenda temberi. Tichaona kuti zvingaite here, zvino tozova nomusangano weChristian Business Men's. Zvino, kusvikira mhiri kwamakungwa kwagadzirira, tichaedza kuronga misangano kuMaodzanyemba, mwedzi waNdira, Kukadzi naKubvumbi, mumatunhu okuMaodzanyemba. Uye zvino—zvino toenda . . . nokuti, tikatanga iko zvino kuenda kuAfrica . . . Maona, munguva ino yeKisimisi, kwavari, zvakafanana na4 Chikunguru. Muri kuona, ku—kunenge kuchinaya uye kwakaipa, uye haukwanisi kupindamo panguva iyoyo, zvino nguva yakanaka kuendako iri pamberi. Uye zvino tinozoda kutanga, kana tichikwanisa, kuNorway, todzika tichitenderera nyika, tichigadzirira kuenda muAfrica, tozopedzisira tavamo, kana Ishe vatendera.

35 Asi tinamatirei zvino. Uye tinokudai, munozviziva izvozvo. Saka tiri kutarisira zvikurusa zvakanyanya kuwanda, kupfuura zvose zvatingakwanisa kuita, kana kufunga kuti Ishe vangaita.

36 Uye tinotenda kuti, manheru ano, pachava nokupodzwa kukuru kwavarwere. Ndinotenda kuti pachava . . . Ndichangotaura zvishomanana, nokuti manheru anhasi tine chirairo. Uye zvino ndichangotora maminetsi makumi maviri kana makumi matatu, tova nomutsetse wokunamatira vanorwara, uye—uye shure kwaizvozvo, ti—tinozova nechirairo. Uye munogamuchirwa nomufaro kana muchida kuva nesu; tingafara. Hatina chi—chirairo chinonzi vamwe havabvumirwi. Ndechomutendi wose, mutendi wose.

37 Uye ndisati ndaverenga Gwaro, tingakotamise misoro yedu here kwakanguva. Ndichakumbira shamwari yangu yakanaka, Hama Lee Vayle, kuti vatitungamirire nomunamato, kuti Mwari aropafadze Shoko Rake. Hama Vayle, mungatiitiravo here? [Hama Vayle vanonamata—Mupepeti.] Ameni. Itai, Ishe. Itai, Ishe. Itai Ishe. Hongu, Ishe. Ameni.

38 Zvino tichitya, nokueresa tinoswedera paShoko. Zvino ndinoda kuverenga, mangwanani ano, kubva mubhuku raEksodo chitsauko 12, tichitangira pandima 12, ndima 12 pamwe ne13. Uye nyatsotererai zvikuru zvino. Uye tisati tadya chirairo manheru ano, verengai chitsauko 12 cha—chaEksodo, chitsauko chose; nokuti ndima 11 inotaura pamusoro pokugadzirira kwavo rwendo, uye nechirairo vasati vapinda parwendo. Tinoda kuswedera pazviri nokueresa iko zvino. Zvino ndima 12 yechitsauko 12:

> *"Nokuti novusiku uhwo ndichafamba napakati penyika yeEgipita, ndichirova matangwe ose avanhu panyika yeEgipita, navana vose vemhongora dzezvipfuwo; ndichatonga vamwari vose veEgipita: ndini JEHOVHA.*
>
> *Asi ropa richava chiratidzo kwamuri padzimba dzamugere: kana ndichiona ropa, ndichakupfuvurai,*

kuti dambudziko rirege kukuwirai rikuparadzei, kana ndichirova nyika yeEgipita."

39 Ishe ngavaropafadze Shoko ravo Dzvene.

40 Zvino ndinoda kutora nyaya kubva apa, kazwi kaduku kana mavara mashanu: *Token Chiratidzo*. Chiratidzo! Ndinoda kutaura kana kudzidzisa chidzidzo cheSunday school, pamusoro pezwi rinoti "chiratidzo." Zvino Bhaibheri rati apa, "Asi ropa richava chiratidzo kwamuri." Uye tinoda kushandisa izwi rokuti, "chiratidzo."

41 Zvino hatizivi; kana ndatarisa wachi, zvino kana nguva yakwana, zvakanaka, zvisinei . . . Ndina Magwaro akawanda zvikuru, andanyora apa. Zvino ndisi . . . Uye ndichiziva kuti ndinenge ndisinemi kwakanguva. Uye tinoziva sei kana isiri nguva iyo vamwe vedu vachaonana kokupedzisira, nokudaro ngatiedzei kuswedera kwaRiri nokueresa. Ndinoziva kuti zvakaoma. Ishe vatipa mangwanani akanaka zvino, vo—vo, okuungana, akanaka kwazvo. Uye ngatiedzei kutereresa iko zvino kuchinhu chose cha—chatinotaura nezvacho, kuti . . . kuti kana chiripo chinhu imomo chokuti Ishe vanoda kuti uzive, chigopuwa kwauri.

42 Uye hatimiri pano kuti tionekwe. Hativuyi pano kuti vamwe vangoona mbatya dzatakapfeka. Kana . . . Isu, tinovuya pano nokuda kwechinhu chimwe chete, sokunamata kwaita hama yedu mumunamato, "Tiri pano kuti tinzwe Shoko, Shoko richivuya kwatiri." Tinoda Izvozvo, nokuti ndicho chete chinhu chine chachinoreva kwatiri, chose chichazova nebasa, chose chichazo—chichazotibatsira.

43 Uye tiri vanhu vari kufa. Vanhu vose vakanangana nohupenyu Husingaperi. Uye zvino tine nguva yokuti tiite sarudzo dzedu kuti tichananga kurutivi rupi. Uye nzira iri pamberi pedu; tinokwanisa kutora divi ratinenge tasarudza. Ndiwo maisiro Aakazviita pana Adama naEvha, zvakare ndizvo zvaAkaitavo kwatiri.

44 Tinofanira kurangarira, kuti hazvina mhosva kuti taitei, kana kuti tabudirira sei, muhupenyu, kana tisina Kristu tarasikirwa nazvose. Zvino kana Iye, kumashure uko . . . Kana Iye ari zvose zvatinofanira kutarisira, tinozova vanhu mapenzi akanyanya tikarega kuZvigamuchira, kuva, uye—uye kuZvichengeta. Kwete kungoZvigamuchira bedzi, asi unosvika pane chimwe chikuru chinopfuura izvozvo. Kana uchinge waZvitora, rega kuZvitora wondoZviturika musherufu. Zvinofanira kushandiswa.

45 Zvakafanana nokuenda kwachiremba kundotora mushonga, uye wosvikoturika pasherufu. Kana wandopiwa mushonga, inwa mushonga. Kana paine chirwere chiri kukunetsa, uye mushonga uyu uchifanira kukubatsira, tora zvaanokupa; uye mataurire aanoita ipa nenzira iyoyo, nokuti dzimwe nguva maminetsi

mashomanana anogona kuita mutsauko namatorero aunenge waita. Uye tinoziva sei . . .

46 Zvino panyaya iyi, nhasi, kanguvana kesarudzo yako kanogona kutara kwauchange uri noKusingaperi. Zvigamuchire sokupa kwaAnoZviita..

Chiratidzo, "Ropa richava chiratidzo kwamuri."

47 Zvino, chokutanga, chiratidzo chii? Inzwi rinoshandiswa kazhinji pakati pedu vanhu vanotaura chiRungu, kunyanya muno muAmerica. Chiratidzo chi . . . Zvachinoreva, dhikishinari rinoti chiratidzo itikiti, chiratidzo chokuti mari, yaripwa, maona; kuti ma—mari, kana mutengo, mutengo unodikanwa wabhadharwa.

48 Semari yechitima kana mari inobhadharwa mubhazi. Unopinda wobhadhara mari ya—yako, vokupa tikiti sechiratidzo, zvino tikiti iroro harikwanisi kushandiswa kune imwe nzvimbo kunze kwomuchitima ichocho. Uye chiratidzo, kukambani yechitima, chokuti wabhadhara mari yako. Chiratidzo, uye haukwanisi kuchishandisa zvimwe zvinhu. Hachishandi kune imwe kambani. Chinongoshanda mukambani iyoyo chete. Uye chi—chiratidzo.

49 Zvino apa, patiri kutaura nezvapo, patiri kutangira apa, ndiMwari ari kuti kuna Israeri, "Ropa regwayana chiratidzo kwamuri." Gwayana raiwurawa, navaIsraeri, ndiro raiva chiratidzo chaidikanwa naJehovha. Raifanira kunge riri ropa. Mwari akaita chiratidzo ndokuchipa kuva Israeri. Uye hapana chimwe chiratidzo chinoshanda, maona, hachigamuchirwi.

50 Kunyika, hungori hupenzi. Asi, kuna Mwari, Ndiyo nzira chete. Chinhu bedzi chaAnoda Chiratidzo ichocho. Chinofanira kunge chiripo. Uye haukwanisi kuva neChiratidzo kusvikira mari yabhadharwa, zvino unenge uri muridzi weChiratidzo chinokupa mvumo yokupfuura zvakasununguka. "Ndikaona Ropa, ndichakupfuurai." Inguva yakadini, yokuti, imvumo yakadini, kuti uzive kuti, mauri, une Chokupfuurisa. "Kana ndikaona Ropa, ndichakupfuurai." Ndicho bedzi chinhu chaAnogamuchira. Hapana chimwe chinhu chinokwanisa kutora nzvimbo yaCho; hapana chinotsiva, hapana dhinominesheni, hapana chimwe chinhu. Zvinongoda Ichocho bedzi. Mwari akati, "Ichocho bedzi ndicho chandichaona."

51 Hazvina mhosva kuti vakanga vakarurama zvakadini, vakanga vakanaka sei, vaiva nedzidzo yakadini, vakanga vakapfeka zvakadini, chiratidzo chete ndicho chaidiwa. "Ndikange ndaona chiratidzo, ndichakupfuurai." Ropa rakanga riri chiratidzo chokuti zva—zvaidiwa naJehovha zvakanga zvaitwa, kuti zvakanga zvaitwa. Ropa raimirira chiratidzo. Ropa raiva chiratidzo. Muri kuona? Hupenyu hwa . . .

52 Mwari akanga ati, “Nezuva ramunodya, nezuva iroro muchafa.” Zvino pakava nohupenyu hwakatorwa kumiririra mutendi. Mwari, netsitsi, akagamuchira chinomiririra hupenyu hwomunhu akasvibiswa. Mwana Wake zvaakanga azvisvibisa nechivi, chokusatenda Shoko, zvino Mwari, azere netsitsi, wakaita chinotsiva; uye, chaiva, chimwe chinhu chaifanira kufa panzvimbo yacho. Hapana chimwe chaishanda.

53 Ndicho chikonzero maapuri namapichisi, nezvimwe zvakadaro, zvaKaini zvisina kushanda. Hwaifanira kunge huri hupenyu hune ropa mahuri, uye hupenyu hwakanga hwabuda muchibairo, zvino ropa raiva chiratidzo chokuti murairo waMwari waitwa. Zvino, Mwari aidei? Hupenyu; uye ropa rairatidza kuti pano hupenyu hwabuda. Saka ropa raiva chiratidzo chokuti hupenyu hwapihwa, pane chafa, zvaidiwa naMwari; kuti hupenyu hwapihwa, uye ropa radeurwa. Uye ropa raimirira chiratidzo, chokuti hupenyu hwabuda. Hupenyu hwemhuka hwakanzi naMwari hutorwe, hwaiva—ropa raimirira chiratidzo. Maona?

54 Mu—mutendi ainamata aibatanidzwa nechibairo chake, nechiratidzo. Handidi kugara nguva refu pamanzwi aya, nokuti, unokwanisa kuva nemharidzo yakazara pane rimwe chete rawo, asi ndinoda kumira pano zvishoma kuti ndiratidze izvi. Mu—mu—mutendi aifanira kuzviratidza pamwe chete nechibairo chake. Maona? Chinongova chibairo uye—uye chaingoitirwa kunze uko, akanga achipa; asi aifanira kuzviratidza pamwe chete nechibairo. Zvazviri, aifanira kuisa maoko ake pachiri, kutanga, kuti azviratidze nechibairo chake. Uye ropa raiiswa pokuti amire pasi peropa. Ropa rinofanira kuva pamusoro pake. Uye ichi chaiva chiratidzo chokuti azviratidza, kuva nemhosva, uye aratidza kuti chinomiririra chisina mhosva chatora nzvimbo yake.

55 Mufananidzo wakanaka zvakadini uyu! O-o, wakadzikinurwa! Muri kuona, kutonga kwakarurama kwakanga kwakazadziswa, kutonga kutsvene kwakarurama kwaMwari kwakanga kwaitwa. Uye Mwari akati, “Zvino ndinoda hupenyu hwako,” zvino kana hu—hu—hupenyu hwakatadza. Zvino chinotsiva chisina mhosva chakatora nzvimbo yahwo. Uye raiva ropa remhuka; kwete apurosi, kana pichisi. Izvi zvinofanira kujekesa pachena mbeu yechikara kumunhu wose, kuti raiva ropa. Uye ropa iri, raisagona kubva mumuchero, rakabva mune chisina mhosva chaitsiva. Uye hupenyu hwakanga hwabuda, pa—pa, panzvimbo yake, uye ropa raiva mufananidzo wokuti mhuka yafa uye kuti ropa rakanga rabuda.

56 Uye munamati achiisa ropa pamusoro pake, airatidza kuti wazvisunganidza mukudzikinurwa, nokuti waizvisunganidza ne. . . pachibairo, achizviwadzanisa nechibairo, uye ropa raimiririra chiratidzo.

57 Zva—zvakanaka sei! Mufananidzo wakadini! Mufananidzo wakakwana waKristu, chaizvo zvazviri, mutendi nhasi amire pasi peRopa, rakadeurwa, achibatanidzwa neChibairo. Zvakakwana zva—zvakanakisisa! Uye kuti Kristu, a—asiri mhuka . . . Muri kuona, mhu—mhuka yakafa, asi . . .

58 Mhuka yakapfava kupfuura dzose, ndinofunga, ri—ringava, gwa—gwayana. Mwari paaida kuratidza Jesu Kristu, Akamuratidza seGwayana. Uye paAida kuZviratidza, Akazviratidza seshiri, seNjiva. Uye njiva ndiyo shiri yakachena isina mhosva kupfuura dzose, uye gwa—gwayana ndiro rakachena risina mhosva kupfuura mhuka dzose. Zvino munoona apo pa . . .

59 Jesu paAkabhabhatidzwa naJohane, Bhaibheri rinoti, "Uye—uye akaona Mweya waMwari, senjiva uchibhururukira paAri." Zvino dai aiva . . . Dai aiva mhumhi, kana imwe mhuka, hu—hunhu hwenjiva hahwaikwanisa kubatana nohunhu hwemhumhi, kunyange hu—hunhu hwenjiva hahukwanisi kubatana neimwe mhuka kunze kwegwayana. Uye hunhu huviri uhwu hwakabatana pamwe chete, zvino hwaikwanisa kuwirirana.

60 Zvino munoona here kufanotemerwa? Raiva gwayana paakauya ipapo. Munoona? Muri kuona? Ku . . . Raiva gwayana para—parakaunzwa. Raiva gwayana. Rakaberekwa riri gwayana. Rakakura, riri gwayana. Muri kuona?

61 Uye, nokudaro, ndiwo Mweya bedzi wechokwadi unokwanisa kugamuchira Shoko, unokwanisa kugamuchira Kristu. Vamwe vose vanoedza, vakaedza kuUwana, uye voisa Mweya waMwari pamhumhi, muri kuona, ukasha, godo, nokunyima. HaUgare ipapo. Mweya Mutsvene unobhururuka woenda. Haumbogari kana.

62 Ko dai Njiva iya yakauya ipapo, uye, panzvimbo yokunge Riri Gwai, pakange paine imwe mhuka? Yaichimbidzika kubhururuka Ichidzokera kwakare. Maona? Asi payakaona hunhu hwokuti Yaikwanisa kubatana nahwo, Chakabva changova chinhu Chimwe.

63 Ipapo nji—nji—Njiva yakatungamirira Gwayana, uye, cherechedzai, Yakatungamirira Gwayana kundourawa. Zvino, Gwayana rakateerera Njiva. Muri kuona? Hazvina mhosva kuti yaiRitungamirira kupi, Iro rakanga richibvuma kuenda.

64 Handizivi, nhasi, Mwari paanenge achititungamirira ku—kuhupenyu hwokuzvipira zvakazara nokuMushumira, hameno kuti dzimwe nguva mweya yedu hairwisi here, kana kuratidza zvakadaro, hameno kana tiri makwai? Muri kuona? Maona? Gwayana rinoteerera.

65 Gwayana rinozvipira. Ha—hari—haritore, harirambi nezvaro. Unokwanisa kuriradzika pasi worigera makushe. Ndicho chete chinhu charinacho. Hapana—hapana zvarinotaura

pamusoro pazvo; rinopira zvose zvarinazvo. Ndiro gwayana. Rinopa zvose ku. . . rinogovera zvose, rinozvipira nazvose zvariri.

66 Uye ndizvo zvakaita muKristu wechokwadi, kana vari. . . vanozvipira, havana hanya nezvinhu zvomunyika, asi vanopa zvose zvavanazvo kuna Mwari. Maona?

67 Uye zvino iri raiva Gwayana rakakwana, iye Kristu. Zvino nokuda kokuurawa, kwegwayana chairo muEgipita, ropa rakaiswa, zvino, parakaiswa, rakamirira chiratidzo, zvino Ropa reGwayana iri rinozomirirei? Maona? Chiratidzo chokuti tafa kune zvatiri tasunganidzwa neChipiriso chedu. Maona? Zvino, Gwayana nechi—nechi ne—neRopa nomunhu vanosunganidzwa pamwe chete, Chipiriso nomutendi. Maona, uri kusunganidzwa muhupenyu hwako, neChipiriso chako. Ndizvo zvinokuita zvauri.

68 Zvino ropa raiva chiratidzo, kana mucherechedzo. Ropa rairatidza kuti munamati auraya gwayana, uye agamuchira gwayana, akazviisira chiratidzo, kuti akanga asinganyari. Haaiva nehanya kuti ndiani azviona. Aida kuti munhu wose azvione, uye raiiswa nenzira yokuti munhu wose aipfuura aiona chiratidzo ichi.

69 Munoona, vanhu vazhinji vanoda kuva maKristu, asi va—va—vanoda kuzviita pachivande kuti pasava nomunhu ano—anoziva kuti maKristu. Kana, ma—mashamwari avanowadzana nawo, vamwe vavo vangafunga kuti, "Zvino, nei, onaka, ndi—ndi—ndinoda kuva muKristu, asi handidi kuti *Nhingi nanhingi* azvizive." Muri kuona? Zvino, muri kuona, kuti zvakadaro izvo handicho chiKristu.

70 ChiKristu chinofanira kuonesa Chiratidzo chacho, maona, pachena, muhupenyu hwaunorarama pamberi pavanhu, kuhofisi, munzira, kana mumatambudziko, papi zvapo, muchechi, kose-kose. Ropa Chiratidzo, uye Chiratidzo chinofanira kuiswa, maona, kana (zvikasadaro) kunyange sungano hainesimba.

71 Ropa raiva chiratidzo, kana mucherechedzo, richiratidza kuti munhu uyu adzikinurwa. Zvino, zvakanaka, onai, vakanga, vakadzikinurwa pasati pava nechaitika. Nokutenda vakaisa ropa. Maona, zvisati zvaitika, ropa rakaiiswa nokutenda, vachivimba kuti zvichazoitwa. Maona? Hasha dzaMwari dzisati dzapfuura munyika, ropa raifanira, kutanga raiswa. Ukazoisa hasha dzapinda wainge watononoka.

72 Zvino tine chidzidzo apa chatinokwanisa kunyatso, tingati kuunza kupfungwa dzenyu, kwakanguva. Tarisai, *zvisati* zvaitika, nokuti pachauya nguva yokuti hauzokwanisi kuisa Ropa.

73 Gwayana raiurawa munguva dzamanheru, shure kwokunge rachengetwa kwamazuva gumi namana. Zvino gwayana

raizourawa, uye ropa roiswa munguva dzamanheru. Mazvibata? Chiratidzo hachina kumbodikanwa kusvikira yava nguva yamanheru.

74 Zvino ino inguva yamanheru yechizvarwa chatiri kurarama machiri. Ino inguva yamanheru ye—yeChechi. Ino inguva yamanheru kwandiri. Ino inguva yamanheru yeMharidzo yangu. Ndava kufa. Ndava kuenda. Ndiri kubva, munguva yamanheru yeEvhangeri. Uye takapfuura nomukururamiswa, nezvimwe zvakadaro, asi ino inguva yokuti Chiratidzo chiiswe. Ndakakuudzai Svondo yapfuura kuti ndine chinhu chandaida kukuudzai nezvacho; ndizvozvi izvi. Nguva yokuti ha—haufaniri kuita zvokutamba naZvo. Zvinofanira kuitwa. Kana zviri zvichazoitwa, zvinofanira kuitwa iko zvino. Nokuti, tiri kutoona kuti hasha dzagadzirira kupinda munyika, zvakare chose chisiri pasi peChiratidzo chichaparadzwa. Ropa, ndiro rakurakidza. Cherechedzai.

75 Nokuti, hupenyu hwemhuka hahwaikwanisa kudzoka pamunhu. Ropa parakadeurwa, hupenyu hwakabuda, hongu, nokuti zvakanga zvakabatana. Uye hupenyu hweropa hwaibuda, hupenyu husina kufanana neropa . . . Zvino, ropa ndiro rinoumba hupenyu, asi hupenyu chimwe chinhu chakasiyana neropa, asi hupenyu huri muropa. Uye hupenyu hwemhuka hahukwanisi kudzoka pamunamati. Paaideura ropa regwayana, aifanira kuisa ropa, nokuti hu—hupenyu hwakanga hwabuda husingakwanisi kudzoka.

76 Nokuti, hahwaikwanisa kudzoka pamunhu, nokuti hupenyu hwemhuka hauna mweya kufanana nomunhu. Mhuka haizivi kuti haina kupfeka, uye iyo—inongova . . . Haizivi chivi. Haizivi kana chimwe chete, nokudaro chinhu chipenyu asi kwete mweya unorarama. Nokudaro, hupenyu hwemhuka iyi hahwaikwanisa kudzoka pahupenyu hwomunhu, nokuti yakanga isina mweya wakafanana nomunhu muhupenyu hwayo. Zvino, pano hupenyu, ropa; hupenyu, nomweya womukati muhupenyu; mweya ndihwo hunhu hwohupenyu. Zvino, yakanga isina hunhu, yakanga iri mhuka, nokudaro, ropa raiva chiratidzo chokuti hupenyu hwapihwa.

77 Asi panguva ino inokosha, pasi pesungano ino, pano mutsauko pakati peRopa noHupenyu. Chiratidzo chomutendi nhasi Mweya Mutsvene; kwete ropa, rinoonekwa, asi Mweya Mutsvene waMwari. Ndicho Chiratidzo chinodikanwa naMwari muKereke nhasi. Mwari anofanira kuona Chiratidzo ichi. Anofanira kuChiona pano mumwe nomumwe wedu tose.

78 Nokudaro, sezvo mimvuri yamanheru ichionekwa, nehasha dzagadzirira kudururwa kubva kuMusoro, pandudzi dzisingatendi, vahedheni vasingatendi, pa—pavanhu vanoita kunge vane chavanacho ivo vasina, pamusoro pezvinhu izvi! Uye nda—ndakaedza kuzvibhedhenura nokugara zvakarurama

pakati penyu, kuona kuti zvakamira papi, ndisati ndataura zvinhu izvi. Zvino tiri kurarama mumimvuri, uye hasha dzatogadzirira kudururwa, uye Mwari ari kuda Chiratidzo kuti iwe pachako wagashira Chiratidzo Chake, Mweya Mutsvene. Ndiyo nzira bedzi, nechiratidzo bedzi chichapfuurwa naMwari, nokuti Uhu Hupenyu chaihwo hwaJesu Kristu hwadzoka zvakare mumutendi.

79 Hupenyu hwemhuka hahwaikwanisa kudzoka, nokudaro ropa raifanira kuiswa pagonhi, napabango napachigwatidziro; kuti munhu wose aipfuura napo, voruzhinji vose, munhu wose aipinda mumba, aiziva kuti pane chi—chiratidzo pamusuvo, ropa, zvairevera kuti pano hupenyu hwafa pamusuvo uyu. Ameni!

80 Ndiyo nzira yazvinofanira kuva kumutendi wose nhasi, akazadzwa noMweya Mutsvene; Chiratidzo chokuti Ropa reGwayana rakadeurwa, Hupenyu ihwohwo hwaiva muGwayana, hwadzoka zvakare uye hunosimbiswa kuvanhu vose pachena, kuti munhu wose anopfuura napo, achitaura newe, wose waunowadzana naye, anoona kuti Ropa rakaiswa, uye Chiratidzo choHupenyu hwanga huri muRopa chiri pauri. Wapukunyuka kubva pahasha. Izvozvo bedzi; kwete kuva nhengo. Kwete, changamire!

81 Hupenyu hwemhuka hahwaikwanisa kudzoka pamutendi, nokuti yaiva mhuka, uye zvaipupurira chete hana yakachena, zvichiratidza kuti kuchauya Chibairo chakakwana.

82 Uye, zvino, kungava sei neChibairo chakakwana kupfuura Mwari Pachake achiva Yananiso, Pachake? Apo Mwari paakaitwa nyama, muRopa Rake Amene raakasika, ndiyo nzira bedzi yokuti Hupenyu hwaMwari hudzoke zvakare.

83 Nokuti, isu tose takaberekwa nokusangana kwomurume nomudzimai, uye nokudaro hupenyu huri matiri ndohwenyika, uye hupenyu uhwu hahukwanisi kumira. Ndicho chinhu chakatotongwa chikatukwa kare. Haukwanisi kuhunama-nama. Hapana nzira yokuti uhuname-name. Hapana nzira yokuti u—uhugadzirise. Hakuna nzira yokuhunatsa. Hunofanira kufa! Ndicho chete chinhu chinodikanwa. Hunofanira kufa.

84 Uye Chinomiririra, Hupenyu hwaJesu Kristu, hunofanira kuuya mauri, hunova Mweya Mutsvene, Chiratidzo chaMwari; chokuti wakagamuchira Ropa roMwanakomana Wake, Jesu Kristu.

85 Nokudaro, mumazuva aWesley kana . . . Mazuva aLuther, zvainzi, “kutenda.” Mumazuva aWesley, “kushanda kweRopa.” Asi rino ndiro zuva rokupedzisira, apo chi— Chiratidzo chinodikanwa. Uye zvinobatanidza, pamwe chete, zvose mukuBvutwa. Muri kuzviona? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

86 Mvura, ropa, nomweya zvinoonekwa kana mai vachipona mwana. Chinhu chokutanga chinobuda, pakupona, imvura, chechipiri iropa, kozouya hupenyu.

87 Kubva pamuviri waShe wedu Jesu Kristu pakabuda: mvura, Ropa, noHupenyu. Uye Chechi yose, Mwenga, pamwe chete, yakaumbwa nokururamiswa, kucheneswa, norubhabhatidzo rwoMweya Mutsvene, unova Chiratidzo.

88 Sezvinotaura VaHebheru chitsauko 11 inoti, "Vakafamba vakafuka matehwe amakwai nenguvo dzembudzi, vasina chinhu, nezvinhu zvose zvavakaita, asi pasinesu havana kukwaniswa."

89 Uye Chechi muzuva rino, yakagamuchira Chiratidzo, choRubhabhatidzo rwoMweya Mutsvene, kuti Ropa rakadeurwa uye Mweya Mutsvene uri paKereke; pasinesu, zvino, havaikwanisi kumuka kuvakafa. Asi vari kutovimba nesu, nokuti Mwari akavimbisa kuti Achava naYo, zvino pano mumwe achavapo. Handizivi kuti ndiani achavapo, asi pane achaZvigamuchira chete. Chinhu chimwe chete bedzi chandakasungirwa kuita, kuZviparidza. Ibasa raMwari kuti atsvake mbeu yakafanotemerwa. Vachange varipo, zvazvo. Nokuti, vachange varipo, mumwe nomumwe wavo, mumwe nomumwe; chizvarwa chemvura, chizvarwa cheRopa, iko zvino chava chizvarwa cheChiratidzo choMweya Mutsvene

90 Uye, rangarirai, Israeri yakapfuura mune zvakawanda, asi yakanga iri nguva yamanheru paidikanwa chiratidzo; kwete mangwanani, kwete mumazuva gumi namana, okugadzirira gwayana. Israeri yaiziva kuti pane chaizotevera.

91 Zvimwe chetevo naLuther aizviziva, zvimwe chete naWesley aizviziva, naFinney, Knox, naCalvin, vaizviziva. Ndizvo Izvi! Vaiziva kuti pachasvika nguva yokuti Shongwe yoMoto yaizodzoka zvakare kuKereke. Vaiziva kuti ichasvika nguva yokuti zvinhu izvi zviitike, asi havana kurarama kuti vazvione, asi vaizvitarisira.

92 Israeri yaiziva kuti pane chiri kuuya, asi yaiva nguva yamanheru ropa regwayana, chiratidzo, pachakazoiswa pagonhi. Asi, gwayana rakanga ratovapo kare.

93 Rakanga riri Gwayana nguva dzose. Rakanga riri Gwayana munguva yaLuther, raiva Gwayana—Gwayana munguva yaWesley, asi iko zvino yava nguva yeChiratidzo, kuti imba yose inofanira kufukidzwa neChiratidzo. Imba yose yaMwari inofanira kufukidzwa neChiratidzo. Vose vari mukati mayo vanofanira kufukidzwa neChiratidzo. Uye Imba yaMwari Muviri waJesu Kristu, uye noMweya mumwe tinobhabhatidzwa tose muChiratidzo ichi tova chikamu chaCho, nokuti, Mwari akati, "Kana Ndichiona ichi Chiratidzo chaiswa, Ndichakupfuurai." Inguva yakadini yatiri kurarama! O-o!

94 Ropa rinoratidza, rairatidza mutendi, nokuti hupenyu hwakanga hwabuda, hahwaikwanisa kudzoka, nokudaro aifanira kuva ne—nechaionekwa. Aifanira kuita sependi, ropa, raionekwa rairatidza kuti hupenyu hwabudamo.

95 Zvino Mweya Amene ndiwo Chiratidzo. Mweya Mutsvene Pachawo ndiwo Chiratidzo, kwete Ropa. Ropa rakaerera paKarivhari, ichokwadi. Asi Ropa iri, parizvino, rakaoma rikadzokera kuguruva kwarakabva, richibva muchikafu chaAidya. Asi, muri kuona, mukati mechizenga cheRopa makanga muine Hupenyu hwakaita kuti chizenga cheRopa chirarame. Kana chaiva . . . Ropa pacharo rakanga risina Hupenyu mariri, hwokuzviraramira, nokudaro haraikwanisa kufamba. Asi Hupenyu pahwakapinda muropa, Hwakaumba chizenga. Hwakaumba Ihwo paChahwo chizenga, tevere chizenga pamusoro pechizenga, zvino zvikaumba Munhu. Uye Munhu iyeye akanga ari Mwari Imanueri, munyama. Asi Hupenyu ihwohwo pahwakadzokera, ropa rakabatana nahwo, asi Chiratidzo Mweya Mutsvene pamusoro peKereke, kuti vaone Kristu.

96 Zvinofanira kudaro, nokuti mudzimai nomurume wake vanova nyama imwe. Vanova nyama imwe. Zvimwe chetevo Mwenga naKristu vanova mumwe. Shumiro yoMwenga, neshumiro yaKristu, inofanana. Uye rangarirai, "Magwaro andakanyora pakutanga, O-o Teofiro, ndakakunyorerai, pamusoro pezvakatanga kuitwa naJesu uye nezvaanoramba achiita." Rufu rwake haruna kuMumisa. Kwete, changamire! Akadzoka zvakare. Kwete munhu wechitatu, asi Munhu mumwe chete iyeye akadzoka zvakare ava Mweya Mutsvene, uye kuti aenderere namabasa ake; achingoenderera mberi, ndizvo zvinotaura Bhuku raMabasa. "Jesu Kristu haashanduki, zuro, nanhasi, nokusingaperi." Ndicho Chiratidzo. Ndicho chiratidzo chinoonekwa.

97 Petro naJohane pavakapfuura nopasuvo rainzi Rakanaka, paiva nomurume wakanga akaremara, ari mhetamakumbo kubva pakuberekwa kwake, zvino iye akati "Sirivheri nendarama handina; asi chandinacho, ndinokupa. MuZita raJesu Kristu weNazareta, simuka ufambe." Maona? Uye vakataura navo, vakaziva kuti vakanga vasina kuchenjera uye vari vanhu vasina kufunda, asi vakaona kuti vakanga vambova naJesu. Muri kuona, Chiratidzo chakanga chiripo, chichionekwa. Muri kuona, "Icho chandinacho!" Achiona hama murombo, iri kutambura ivetepo, akaremara asina chimiro, nezvose zvose. Uye Hupenyu humwe chete hwakanga huri muna Kristu hwaiva mavari, "Icho chandinacho!"

98 "MuZita Rangu vachadzinga madhinomi." Kwete, "Ndicha." "Mucha!" "Kana ukati kugomo iri!" Kwete, "Kana Ndikati." "Kana ukati kugomo iri!"

99 O-o, hama, nguva yokuti Chiratidzo chionekwe yasvika. Tinozviona. Tinoziva kuti tava pedyo namagumo iko zvino. Taunza mharidzo dzakasiyana-siyana, kuratidza zviratidzo nezvishamiso, uye zvino tinodzoka kune zvinofanira kuitwa neKereke. Chiratidzo chinofanira kuonekwa. "Kana Ndikaona ropa, Ndichakupfuurai," Hapana chimwe zvakare chinoshanda. Rinofanira kuva Ropa. Zvino, Mweya Mutsvene ndicho Chiratidzo chedu, kubva kuna Mwari.

100 Somumwe mudzidzi weBhaibheri mukuru, mu—mudzidzi, hama yechiBhaptist, munhu wakanaka, ane hunhu hwakanaka, paakauya kwandiri imwe nguva, akati "Hama Branham," akati, "muri kutaura nezvoMweya Mutsvene uyu," akati, "ko, icho hachizi chinhu chitsva." Akati, "TaiZvidzidziswa, kubvira muzvizvarwa zvose zvapfuura." Zvino ini nda—ndakati, zvisinei, Ini . . . Iye akati, "Isu takagamuchira Mweya Mutsvene."

101 Ndikati, "MakaUgamuchira riini?"

102 Iye akati, "Patakatendeuka." Nokuti, ndaiziva kuti ndiwo madzidzisire aiita maBhaptisti, kuti, "Iwe, paunotenda, unogamuchira Mweya Mutsvene."

103 Ndakati, "Zvino Pauro akati, munaMabasa 19, kuboka, ramaBhaptisti, iro, rairatidzwa neBhaibheri kuti Jesu akanga ari Kristu, nomumwe muparidzi wechiBhaptisti akanga atendeutswa naJohane muBhabhatidzi."

104 "Paakapfuura nokumusoro kwemhenderekedzo yeEfeso, akaona vamwe vadzidzi, akati kwavari, 'Mati magamuchira Mweya Mutsvene here *kubvira* pamakatenda?' Ivo vakati, 'Hatizivi kuti kuno Mweya Mutsvene.'" Zvino akabvunza kuti vakabhabhatidzwa sei. Vakanga vasina kubhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, Gwayana rakapiriswa. Vakanga vasina kubatanidzwa naYe zvachose. Vaingotenda; somushonga wakangoturikwa apo, zvino vakanga vasina kuutora. Pauro wakavaraira kuti vabhabhatidzwe zvakare, muZita raJesu Kristu.

105 Zvino pavakazoita izvi, Chiratidzo chakazouya pavari. Vakazoratidzwa namabasa nezviratidzo zvoMweya Mutsvene, kutaura nendimi mavari, nokuprofita, nokurumbidza Mwari. Vakasunganidzwa ne—neChibairo chavo.

106 Zvino Mweya Mutsvene ndiwo Chiratidzo chedu. Ndiwo unotiratidza samaKristu. Kwete kuva nhengo mumaChechi, kwete kunzwisisa kwedu Bhaibheri, kwete kuti unoziva zvakadini Bhaibheri. Asi kuti Munyori unomuziva zvakadini, maona, kuti Munyori ari kurarama zvakadini mauri. Ndi—ndiwe unenge wafa. Hauchararami. Wava kuzviona sowafa, uye Chiratidzo ndicho chava kurarama mauri. Uye hausisiri hupenyu hwako; asi Ndiye.

107 Pauro akati, "Hupenyu hwandava kurarama iko zvino." Akanga ava kurarama hupenyu hwakasiyana nohwaaimbova

nahwo. “Handisisiri ini, asi Kristu anorarama mandiri.” Hecho Chiratidzo chinodikanwa naMwari. Kusunganidzwa ne... Kusunganidzwa neChibairo chedu, Hupenyu hwoMuponesi wedu huri matiri, Mweya Mutsvene.

108 O-o, chi—Chiratidzo chakakwana sei! Hakungavi nechimwe Chiratidzo. O-o, zvangu ini, dai mangokwanisa kubata pfu—pfungwa yacho. Dai ndanga ndi—ndine simba mangwanani ano, namazwi, okuratidza uye nokuisa mumwoyo yenyu zviri mu; kwete nzeve dzenyu, asi mumwoyo yenyu, uye mu—mukaona kusakundika kwaZvo. Zvi—zvinotora, Zvinokuita kuti uzorore chaizvo.

109 Ngatiti, wapara mhosva, uye uri kufanira kutongwa nedare rapamusoro paose redzimhosva. Uye uchiziva, kuti ukawanikwa uine mhosva, unotongerwa rufu, uri kuenda kucheya yamagetsi, kana imba ino mweya unouraya, kana kuuraya kupi zvako kwavaizokuita, pamwe kusungirirwa tambo, kana zvimwevo, murango, upi zvawo. Uye uchiziva kuti une...Une mhosva. Uchiziva kuti une mhosva, uye unofanira kufa kana ukatadza kuwana gweta rinokumiririra, rinokwanisa kukubvisa munyatwa iyi. Zvino apa unoda gweta rinokwanisa chaizvo-izvo.

110 Zvino uchinge wawana gweta rinokwanisa, rakachenjera, unonzwa kuti nyaya yako yati...unozorora zvishomanana, nokuti wava negweta. Asi kunyange zvakadaro panenge pachine mubvunzo wokuti gweta iri rinogona here kushandura pfungwa yomutongi, kana kushandura pfungwa yedare; kana gweta iri, nokutaura kwakachenjera kuno ungwaru nokuziva zvemitemo, rikashandura mamirire enyaya, uye romiririra mhosva yako roratidza kuti—kuti unofanira kurarama. Asi, mukodzero ya—yake huru uye nokutaura kukuru kwaangaita, nezvaangaonesa mutongi kana dare, u—ungango—unga... Tingati dzimwe nguva ungangodzikama kwamaminetsi mashoma, asi panoramba paino mubvunzo mupfungwa dzako, “Anokwanisa kuzviita here?”

111 Asi munyaya iyi, Mutongi Pachake akava Gweta. Mwari akava munhu. Hapana gweta raigona kuzviita. Hatina kukwanisa kuwana kana mumwe. Mosesi, noMurairo, navaprofita, hapana aigona kuzviita. Nokudaro Mutongi akazova zvose Dare, Gweta, noMutongi, paChake; akatora kutonga kwoMurairo Wake akakuisa muMavoko Ake, akaripa mubhadharo wacho, Pachake. Ko tingachengeteka zvakapfuura ipapa sei? Uye akatumira Hupenyu Hwake patiri, sechapupu chokuti Wachigamuchira. Kuchengetedzwa kwakadini!

112 “Zvirokwazvo, kunyange ndikafamba mumupata womumvuri worufu, handizotyi chakaipa nokuti imi muneni.”

113 PaAkava zvose Mutongi, Dare, ne—neGweta, Akamiririra mhosva yedu. Isu, takawanikwa nemhosva noMurairo Wake

Womene; uye Iye akauuya akatora nzvimbo yomunhu aiva nemhosva, aiva panzvimbo tsvene. Akatora chivi chake. Akachitakura iye Amene, akafa, akaripa mubhadharo, akadeura Ropa Rake, uye akapa zvakare Chiratidzo Chake Amene, Hupenyu Hwake Pachake.

114 Ko, takwaniswa. Mhosva yapedzwa. Hapasisina chivi kumutendi. O Mwari, ivai netsitsi, kana vanhu vakatadza kuona kuti, kuti hapasisina mhosva. "Uyo unonzwa Mashoko Angu nokutenda kuna Iye Wakandituma, ano Hupenyu Husingaperi, uye haachasviki muKutongwa, asi ayambuka kubva kurufu kuenda kuHupenyu." Ndiyo nyaya yacho iyi. Mhosva yapera! Hapasisina nyaya. Ameni! Zvino nokuchengetedzwa, kuchengetedzwa neChiratidzo chaiswa, kana rufu rwoswedera pamukova kunze uko, haruna simba. Maona? Hongu.

115 Chiratidzo chaiswa. Chiratidzo chete ndicho chinogamuchirwa iko zvino. Maona, Akaita izvozvo kuti Chiratidzo chikwanise kuuya. Chiratidzo Hwaiva Hupenyu hwaMwari.

116 Uye apo Mwari paakasika munhu wokutanga, Akamuita mwanakomana. Zvino mwana akazenge aipa zvokuti akateerera mukadzi wake panzvimbo yokuteerera Mwari, uye mukadzi akateerera dhiyabhorosi panzvimbo yokuteerera murume wake, zvino, pavakazviita, zvakabva zvavaipisa pamwe chete, zvokuti zvakabva zvaunza kusvibiswa. Uye Akaziva, kuti zvavadaro, vaizofanira kubereka vana panyika. Muchero waiva pakati pomunda hawaifanira kubatwa, zvino, pavakaubata, vakazviunzira, chivi pamusoro pavo. Naizvozvo vanhu vose, vakazoberekwa, vakanga vari muchivi. Pakanga, pasina nzira yokubuda nayo.

117 Asi zvino Mwari akaburuka. Pane nzira imwe chete yokumudzosa zvakare; ndeyokuMudzosa somwanakomana zvakare. Uye Aikwanisa sei kuzviita, Murairo Wake Pachake wakamirapo uchiti, "ane mhosva"? Zvino Baba Pachavo vakazova mumwe wedu. Ndiro Gwayana chairo. Ndiro donzvo Rake raAkanga anaro mupfungwa dzake.

118 Ndicho chikonzero Gwayana rakagamuchirwa muBindu reEdheni, achiziva kuti Gwayana neNjiva zvaizosangana neimwe nguva, apo Gwayana neNjiva zvaizova pamwe chete. Ndipo paAkaziva, kubudikidza neizvi, tinokwanisa kuva pamwe chete. Uye akanga akagadzirira kuita chibairo chakadai, zvino, nokuti Chiratidzo chaikwanisa kuiswa, kuti hatisisiri vatorwa, hatisisiri vapfuuri, asi tava vanakomana navanasikana vaMwari. Vose Adama naEvha, mudzimai nomurume, vakabatanidzwa pamwe chete, vanakomana navanasikana vaMwari, muna Kristu Jesu, nechibairo Chake chikuru.

119 Zvakare, kuti, pasava nokukanganisa! Mbeu yohupenyu huno inofanira kudyarwa muvhu, yomuviri uno i—inova mbeu inoparara; uye hupenyu, kana huri hupenyu hwakatsveyama huri mumbeu, hunoparadzwa nembeu. Asi Akaisa Hupenyu Husingaperi mairi akairatidza seYake paChake, kuti pakumuka Achaimutsa zvakare, haisi kuzorashika. Munoona here zvandinoreva? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti].

120 Izvoka, haikwanisi kuparadzwa zvino. Hupenyu huri pamusoro payo. Chiratidzo, chiri pamusoro pomutumbi iwoyu, pamusoro pomweya womunhu iyeye. Pane Chiratidzo ipapo, Mweya Mutsvene, kuti ndezvaMwari. NdezvaKe. "Kana ndichiona Chiratidzo, ndichakupfuurai." Chiratidzo chakakwana, Mweya Mutsvene ndicho Chiratidzo chedu. Naizvozvo, ukagamuchira Mweya Mutsvene, unoyambuka kubva kurufu kuenda kuHupenyu. Ndizvo chete zviripo, nokuti Hupenyu huri mauri. Hauchaparadzwi.

121 Bhaibheri rakati, "Uyo wakaberekwa naMwari haatadzi, nokuti haakwanisi kutadza, nokuti Mbeu yaMwari," ameni, "Mbeu yaMwari inogara maari." Ko zvino angatadza sei iye Mwari asina chivi ari maari? Kana ari muna Mwari asina chivi, angatadza sei? Hazvinei kuti akaitei, Ropa rakamufukidza. Maona? Ava chisikwa chitsva iko zvino. Zvishuvo zvake nezvinangwa zvake zvava zvokuDenga, nokuti washanduka kubva pakuva shawi ava gorosi. Zvishuvo zvake hazvisiri zvimwe chete sezvazvaiva, uye anozviratidza.

122 Ungati, "O-o, ndinozvitenda iZvozvo." Iwe uchiri kutadza? Kwete! Wakanyengereka. Maona? Hazvikwanisi kuratidza chimwe chinhu kunze kweChiratidzo.

123 Israeri yakarairwa kuti igare pasi peropa kusvikira varairwa kufamba. "Rega kubva pasi pacho!" Pavakapinda muchiratidzo ichocho, vakabva vasimbiswa imomo. "Usabudamo!" Vakagaramo kusvikira pakati pohusiku, hwamanda dzikarira. Hwamanda padzakarira, nyanga dzamakondobwe dzikatanga kurira, mumwe nomumwe akabuda nezvinhu zvake, vachienda kunyika yechipikirwa.

124 Ndizvo zvinoita murume kana mukadzi akazara noMweya Mutsvene, akasimbiswa, akachengetedzwa kubva panhamo nenjodzi. Hupenyu hwake hwose hunoratidza zvaari, kwose kwaanofamba, ringava basa ripi raanoita, vose vaanotaura navo. Paanosangana navakadzi, paanosangana navaanowadzana navo, paanosangana nechose-chose, Chiratidzo ichi chinoramba chiripo. Ameni! Kana zvasvika parufu, "Handingatongotyi chakaipa, nokuti Imi muneni," Chiratidzo ichi chiripo. Kana zvasvika pakumutswa, anenge ariko, nokuti Mwari achamumutsa nezuva rokupedzisira. Jesu akataura kudaro! "Kana ndaona Ropa, Chiratidzo, Ndichakupfuurai. O-o!

125 Rangarirai, dai chiratidzo chisina kuiswa, kunyange sungano yaishaiswa simba. Ndizvozvo. Sungano yaishaiswa simba. Pakanga pasina pa—pakanga pasina sungano kana chiratidzo chakanga chisipo. Chiratidzo chaimirira sungano. Mwari akaita sungano navo, hongu, changamire, asi chiratidzo chaifanira kuvapo. Hazvaizoshanda, sungano hayaizoshanda, kunze kwokunge chiratidzo chiripo.

126 Pamwe maJudha akawanda aikwanisa kuti, "Huya kuno! Ini handina ropa pamusuvo wangu, asi ndinoda kukuratidza chimwe chinhu, ndiri muJudha akadzingiswa. Ndakadzingiswa." Handizvo zvai*rehwa*. [Hama Branham vanoridza minwe yavo—Mupepeti.] "Kana ndaona Ropa! Kana ndaona Chiratidzo!"

127 Ungati, "Ndiri muBhaptisti, Presbyterian, Methodist," kana zvose zvaungada kuva."

Asi, kana ndaona Chiratidzo!"

128 Ungati, "Ndiri mutendi. Mai vangu vaiva nhengo yechechi iyi. Baba vangu vaiva nhengo yechechi iyi. Ini ndiri nhengo yomo kubvira ndichi mwana." Handizvo zvino*rehwa*. [Hama Branham vanoridza minwe yavo]. "Handinyepi, handibi. Handiiti *icho*, Ha . . ." Handizvo zvino*rehwa*. [Hama Branham vanoridza minwe yavo—Mupepeti.]. "Ndiri weBranham Tabhernakeri. Ndinoita *ichi*, ne*icho*, ne*icho*. Ndinotenda shoko rose."

MaJudha iwayo aigona kuti, "Ndinotenda kuna Jehovha!"

129 Angadai akatenda kuMharidzo yenguva iyoyo, kana aitenda. Chokwadi. Kwaiva nemharidzo dzakawanda, asi iyi yaiva Mharidzo yenguva iyoyo. Muri kuona? Ndinotenda Mharidzo yenguva ino. Hongu, ropa rakaiswa munguva yamanheru.

Vangadai vakati, "Ini, ndiri muJudha."

130 Vanhu nhasi vanoti, "Ndiri muKristu. Ndinokwanisa kukuratidza kuti ndine nguva huru ndiri nhengo. Ndinoda kuti undiudze pandakamboba chinhu, kana pandakambova mudare redzimhosva. Ndiratidze pandakamboita hupombwe. Handina kumboita zvinhu zvose izvi, kana zvakada kudaro. Ndiratidze nzvimbo imwe chete." Izvozvo hazvitomborevi chinhu zvino. Kwete, kwete. Onai, hazvinei kuti ari musungano zvakadini, sungano haishandi. Haina simba.

Iwe ungati, "Zvino, ndiri mudzidzi weBhaibheri.

131 Handina mhosva kuti uri chii. Pasina sungano iyoyo, hasha dzaMwari dziri pamusoro pako. Maona? Ndizvozvo. Dzakuwana. Hongu. "Zvivi zvako zvichakuwana." Chivi chii? Kusatenda. Hauna kutenda Mharidzo. Hauna kutenda Shoko. Hauna kutenda chapupu cheChiratidzo, Pachacho, apo Chakazviratidza Choga pakati pedu. Uye watadza kutenda iZvozvo here? Hazvinei kuti hauZvitendi zvakadini, Chinofanira kuiswa.

132 Ungati, “NdinoZvitenda. NdinoZvitenda. NdinoZvitenda kuti iChokwadi. NdinoZvigamuchira seChokwadi.” Zvino zvose izvi zvakanaka, asika Chiratidzo chinofanira kuiswa.

133 Ko, dai muJudha uyu amire ipapo, achikodzonga ropa, gwayana richijuja, achiti, “Uyu ndiJehovha.”

134 Uye pogomira muprista achiti, “Hongu, changamire. Ndinotenda kuti ichokwadi.” Asi pamba pake, risina kuiswa. Haadi kuzvibatanidza kuvanhu neboka iroro; kwete, changamire, mupengo uyu neropa pamusuvo. Haadi kusunganidzwa nezvakadaro. Hazvina mhosva kuti aiva muprista zvakadini, kana kuti aiziva Shoko zvakadini, kana kuti akanga arerwa zvakadini, kana mabasa aakanga aita, kana kuti wakapa varombo zvakadini, kana kuti ainge agovera zvakadini!”

135 Pauro akati, “Kana ndikapa muviri wangu kuti upiswe sechibairo; ndikapa zvinhu zvangu zvose kuvarombo; kana ndino kutenda kunofambisa makomo nezvimwe zvakadaro; nokutaura nendimi dzavanhu nedzengirozi; nezvimwe zvinhu zvose izvi,” akati, “Hapana zvandiri kusvikira Chiratidzo chaiswa. Kusvikira Chiratidzo ichi!” Ndizvo zvandiri kutaura nezvazvo manheru ano, rudo. Maona? “Zvino, kusvikira izvi zvaiswa, handisi chinhu.” Maona

136 Handina mhosva nazvo, dzimwe nguva wakadzinga madhimoni. Pamwe wakapodza varwere nomunamato wako wokutenda. Ungadai wakaita zvinhu zvose izvi. Asi kana Chiratidzo ichi chisipo, uri pasi pehasha dzaMwari. Ungadai uri mutendi. Ungamire papurupiti ukaparidza Evhangeri. “Vazhinji vachauya kwaNdiri nezuva iro, vachiti, ‘Ishe, Ishe, handina kuprofita muZita Renyu here, kuparidza muZita Renyu here? Handina kudzinga madhimoni muZita Renyu here?’” Vose maMethodisti, maBhaptisti namaPentekosti. Jesu akati, “Ibvai kwaNdiri, imi vaiti vezvisakarurama. Handina kutombokuzivai.”

137 “Asi kana ndikaona Chiratidzo, Ndichakupfuurai.” Ndicho chiri kudikanwa naMwari munguva ino. Shoko renguva yamanheru, kuisa Chiratidzo.

138 Satani akaisa mhando dzakasiyana-siyana dzokuedzesera, sokukwazisana, nezviratidzo, nezvimwe zvakadaro. Kanganwa izvozvo! Nguva yakwana zvino yokuti Chiratidzo, Pachacho; kwete kumwe kuedzesera kutenda kwekabanga, kupfekedzera, kana chii zvacho.

139 Nguva yakwana yokuti iye Chiratidzo paChake ari kuZviratidza pakati pedu, uye achiratidza kuti Haashanduki, zuro, nanhasi, nokusingaperi, Uye ari kufambirana neShoko. Chinofanira kuiswa. Ko munhu angati sei ndine Chiratidzo asi achiramba Shoko, zvino chii ichocho? Haungadaro. Chiratidzo chinofanira kunge chiripo. “Kana Ndichinge. . .Ropa richava

Chiratidzo kwamuri." Zvino Mweya Mutsvene, Hupenyu hwaiva muRopa, Chiratidzo kwamuri. Tichasvika pazviri iko zvino, maona. Mweya Mutsvene ndiwo Chiratidzo. Mhosva yapera. Hongu, changamire. Zvino, rangarirai. Uye ini . . .

140 Hazvinei kuti uri chii, wakanaka sei, waka*svetuka-svetuka* rungani, wakapinda chechi ngani, kana kuti wakaita zvakanaka zvingani, hazvirevi chinhu chimwe zvacho kwauri, kana Chiratidzo chisina kuiswa. Ino inguva yamanheru. Zviya zvakashanda munguva yaLuther, zvakashanda munguva yaWesley, asi hazvishandi munguva ino. Kwete.

141 Hongu, kuchengeta gwayana kwakanga kwakanaka, panguva iyoyo. Vakafa nguva iya gwayana risati raiswa, ropa, zvakanga zvakasiyana. Hongu, changamire. Vakaenderera mberi nokuda kwehana yakachena. Vaizotongwa kunyange kana va—vakanga . . .

142 Kana vakanga vakatemerwa, zvaivabata. Kana vasina, hazvivabati. Ndizvozvo. NdiMwari zvake. "Ano—Anoruramisa waAnoda, anonzwira tsitsi waAnoda, Anopomera waAnoda." NdiMwari. Ndizvozvo. "Anonzwira tsitsi waAnonzwira tsitsi, uye anopomera waAnoda kupomera."

143 MuJudha aigona kuratidza, nokudzingiswa, kuti mutendi.

144 Pana vanhu vakawanda, vanhu vomurairo, vanogona kutora Bhaibheri iri voti, "Ndiri mutendi, uye Jesu akati, 'nokutenda' takaponeswa. Uye ndiri mutendi, asi rubhabhatidzo rwoMweya Mutsvene haruna maturo." Zvino Chiratidzo hachina kuiswa. Hazvina mhosva, kuti anotenda zvakadini, hazvigamuchirwi.

145 Sokudzingiswa kwomuJudha. Angati, "Ndiri muJudha. Ko ndinoenderei kunze uko kundoita seboka riya ravanhu vanopenga?"

146 Mosesi amire, achikwira nokudzika mudzinzira, achiti, "Mharidzo yamanheru iri pano! Zvichaitika kuti, shure kwamazuva gumi namana, muchaunganidza vungano pamwe chete mouraya gwayana. Vungano yose yaIsraeri ichariuraya, voisa mavoko avo pariri, vachizvibatanidza naro. Uye Ropa richaiswa pamatanda omusuvo, napamagonhi, uye, 'Kana ndichiona ropa, ndichakupfuurai, nokuti chiratidzo chokuti magamuchira rufu rwegwayana randakupai.'" Ropa raiva chiratidzo.

147 Zvino Mweya Chiratidzo. "Muchazadzwa noMweya Mutsvene mazuva mazhinji asati akwana." Uye Ropa parakadeurwa, Chiratidzo chakatumirwa pasi nezuva rePentekosti, semhepo inovhuvhuta, nesimba.

148 Ndiyo yaiva mharidzo yomuApostora wose. Kuti, "Wakagamuchira Mweya Mutsvene here kubvira zvawakatenda? Tendeukai, mose, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi, uye muchagamuchira chipo choMweya

Mutsvene, nokuti Chiratidzo, ameni, chokuti wayambuka kubva kurufu kuenda kuHupenyu." Hezvoka izvo. Apo vaHe-. . . Chechi yechiJudha payakapfuura, vaHedheni vakabva vapinda, nokutsauka kwavo saizvozvo; zvino yasvika pokuti, itore vakasara vavaHedheni, nokuda kweZita raKe, Mwenga.

149 Muri kuona zvandinoreva? Munoona zviri kutaurwa neGwaro apa here? Dai Chiratidzo chisina kuiswa, sungano hayaishanda. Munoona? Zvinofanira kudaro. Nokuti ukati unotenda, worega kutevedza mirairo yeShoko, zvinoreva kuti hautendi. Maona? Kunyange wakadzingiswa, kunyange ukajoinha, uye kunyange wakabhabhatidzwa, waita zvose zvakadaro; asi handicho Chiratidzo, Mweya Mutsvene.

150 Mudzidzi uyu anoyemurika akaenderera mberi achitaura neni, sezvandambotaura. Akati, "Billy," akati, "Abrahama akatenda Mwari, kukanzi kwaari kururama. Ko chii chimwe chaaigona kuita, kunze kokutenda Mwari?"

151 Ndakati, "Icho ichokwadi, dhokotera. Ndizvozvo. Akatenda Mwari. Bhaibheri rakataura kudaro. Muri kutaura chokwadi. Panezvose zvamataura, ndizvozvo.

152 Pose zvapo va—va—vashori gumi navaviri, vakaenda kundoshora nyika yeKenani, pose pavaienda mberi vakananga Kenani, vaiswedera kwavaienda; asi pavakasvika pamuganhu, ipapo vakabva varamba."

153 Ndikati, "Imi maBhaptisti muri kuita zvakanaka, mune zvose zvamakatenda, asika makagamuchira Mweya Mutsvene here kubvira pamakatenda?" Ndakati, "Rangarirai, kuti Mwari akagamuchira kutenda kwaAbrahama. Aka—akatenda Mwari, kukanzi kwaari kururama, icho ichokwadi, asika Mwari akamupa chiratidzo chokudzingiswa, sechiratidzo, chiratidzo kwaari." Kwete kuti nyama yake, yakadzingiswa, yaiva nechokuita nomwoyo wake, asi chaiva chiratidzo chokuti Akanga (Mwari akanga) agamuchira kutenda kwake.

154 Zvino Anotipa chiratidzo, choMweya Mutsvene, kuti atigamuchira savatendi. Nokuti, "Tendeukai, mugobhabhatidzwa mumwe nomumwe wenyu muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi, uye muchagamuchira chipo choMweya Mutsvene. Nokuti chipikirwa ichi ndechenyu!"

155 Manzwisisa here nyaya yacho zvino. MaJudha, hazvina basa kuti vaikwanisa kuratidza sei kuti vakadzingiswa, asi chiratidzo chaifanira kuiswa. Kana chisipo, sungano hayaishanda. Hazvaiita

156 Zvimwe chete zvino, zvakafanana. Hazvinei kuti unoitei, hazvinei kuti uno—unotsanangura Bhaibheri. Ungadai uri mudzidzi weBhaibheri. O-o, zvangu! Ungati—ungati, "Ndiri mutendi, nezvakadaro." Asi Chiratidzo chinodikanwa. Mudzidzi weBhaibheri, angati, "Ndaiva munhu akanaka, Hama Branham."

157 "Handina mhosva kuti munhu anoti kudini, haungapomeri munhu uyu. Handina kumbomuona achiita chinhu chakaipa, muhupenyu hwangu." Hazvina nechokuita naMwari. [Hama Branham vanoridza minwe yavo]. Pane chimwe chete chinodikanwa, ichocho bedzi.

158 Haungaiti izvozvo. Haukwanisi kuisa ropa pamapango egonhi, apo, pasingasviki chiratidzo kunze kokunge gwayana rafa. Uye ropa raiva chiratidzo chakakwana chokuti gwayana rafa. Kwete kutenda kwekabanga; gwayana rakafa!

159 Mweya Mutsvene Chiratidzo chechokwadi chokuti Gwayana rako rakafa, uye iwe wakagamuchira Chiratidzo pamusoro pako, nokuti Hupenyu Hwake chaihwo huri mauri. Muri kuona? Hapana zvokunyepera. Hapana zvokuisira. Hapana kuedzesera. Chiripo! Unozviziva. Unozviziva. Nyika inozviziva. Chiratidzo chiripo.

160 Hazvina mhosva kuti munhu anga akanaka sei. Pamwe anga ari mudzidzi weBhaibheri. Angadai ari mu . . . Ingadai iri imwe ye—yenhengo yakanaka yechechi. Angadai ari munhu wakanaka. Pamwe mutungamiriri we—wedhinominesheni. Pamwe mutungamiriri we—weRoma. Ha—handizivi kuti angava ani, asi hapana zva—zvazvinoshandura.

161 Asi, Israeri, mudzidzi wose weBhaibheri anoziva kuti Israeri waiva mufananidzo weChechi, chaizvo, vachienda kunyika yechipikirwa. Uye ndiko kwaIri kuenda.

162 Asi pakasvika nguva yamanheru, uye rwendo rwatanga, pane chinhu chimwe chete chakayereswa chaidikanwa. Hazvina mhosva aiva muJudha akaita sei, kana kuti aichengeta zvakanaka sei zvirimwa zvake, kana kuti akagamuchira zvakanaka sei vavakidzani vake, kana kuti akaita zvakanaka sei, kana kuti aiva nhengo yakanaka sei, kana kuti aibhadhara chegumi zvakadini. Zvinhu zvose izvi zvakanaka. Zvakanga zvakanaka. Aiva munhu wakanaka, aigamuchirwa pavanhu vake, somunhu wakanaka. Asi kana asina chiratidzo, cheropa, aiparara.

163 O-o, dai Mwari akabatsira, vari pano navachanzwa matepi, kuti zvinyatsopinda!

164 Hazvina mhosva, wakaparidza Evhangeri, pamwe wakadzinga madhimoni, pamwe wakataura nendimi, pamwe wakadanidzira, ukatamba muMweya, asi pasina Chiratidzo.

Ungati, "Ndingazviita here?"

165 Pauro akati unogona kuzviita. "Kunyangwe ndikataura nendimi dzavanhu nedzengirozi, kunyangwe ndikapa hupfumi hwangu kuvarombo, kunyangwe ndikapa muviri wangu kuti upiswe sechibairo, kunyangwe ndiine kutenda kunofambisa makomo, nezvimwe zvinhu izvi, hapana zvandati ndava." Rega kuvimba naizvozvo. Chiratidzo! Hazvinei kuti wakaita

zvakadini, kana kuti wakanaka sei; kana hasha dzaMwari dzotanga kunaya, dzinocherechedza Chiratidzo bedzi.

166 Chiratidzo chokuti muripo wabhadharwa, wanga uchidikanwa. Uye muripo wabhadharwa Hupenyu hwaJesu Kristu, uye Akapa Hupenyu Hwake. Zvakare Mweya wake unodzoka pauri, seChiratidzo chokuti wagamuchirwa. Ipapo wotakura Chiratidzo ichi, siku nesikati, kwete musi weSvondo bedzi. Asi nguva dzose, une Chiratidzo. "Kana Ndichinge . . . Ropa richava chiratidzo kwamuri."

167 Ungati, "Ndichiri kutenda. Ndiri mutendi." Zvose zvakanaka. Asi ukaramba Chiratidzo, ko uchazova mutendi papi? Chinokutongesa. Muri kuona. Chinotongesa nokupikisa chapupu, kuti unotenda.

168 Mudzidzi weBhaibheri, munhu wakanaka, nhengo yechechi, ungava chii zvacho, hazvirevi chinhu. Hongu, changamire. Zvichida baba vako muparidzi. Zvichida mai va—vako vaiva mutsvene. Zvichi . . . Izvo—izvo zvakanaka, vanozozvipindurira voga. Sezvandambotaura, edza . . .

169 Vanhu vanoedza kuita Mwari savasekuru, vakobvu, vakwegura, vasisina basa, maona, neboka ravazukuru, vakafanana netutsotsi nendururani, uye, "Hapana chakaipa navo."

170 Kwete Mwari! Haana vazukuru. NdiBaba. Unofanira kuberekwa patsva! Haazi mutana akwegura asina hanya.

171 NdiMwari wokutonga. Bhaibheri rinoti ndizvo zvaAri. Hasha dzake dzinotyisa. Rega kutamba neIzvi wotarisa kunaka kwaMwari rimwe zuva kuti kukupinze, kuDenga, nechivi chako. Kana akadaro, Angadai akaregerera vamwe vose, uye woregerera Evha. Unofanira kutenda Shoko Rake, kana kuti unova . . . unoparara. Uye kana watenda Shoko Rake, Chiratidzo chinova pauri. U-uhu.

172 Rufu rwakanga rwava kuda kurova Egipita husiku ihwohwo, panguva ipi zvayo. Yaiva nguva yaityisa; mhemberero dzavo dzose, mabiko avo ose, namazuva avo okutsanya.

173 Mwari akanga avashanyira. Mwari akanga aratidza zviratidzo Zvake zvikuru nezvishamiso pakati pavo. Chii ichocho? Chimbofunga zvishoma. Mwari akanga avaratidza nyasha Dzake. Akavapa mukana!

174 Havaikwanisi kuDziramba, voti, "O-o, hapana zviripo apa. Hazvina maturo. Zvingori zvinhu zviri mumapopoma, pane paputika i—ivhu dzvuku rikabuda, ndiro raita kuti gungwa rive dzvuku." Ndokuuya chimvuramahwe. Kukagouya matatya. Mwari akanga agadzirira nzvimbo, akagoisa Shoko Rake mumuromo womuprofita. Uye paaitaura, zvaizadziswa, vakazviona. Havaigona kuzviramba.

175 Zvakadiwa naMosesi, ndizvo zvakawanavo Mosesi, kubva kuna Mwari, nokuti aingotaura Shoko raMwari bedzi. Akati, "Ndichakuita kamwari." Mosesi akanga ari mwari kwavari. Maona? Havaiziva mutsauko, naizvozvo Akati, "Uchava kamwari, uye Aroni achava muprofita wako. Muri kuona, uchaita samwari, nokuti Ndichakutora, izwi rako, uye Ndichasika newe. Uye Ndichataura, zvakare vanhu havangazvirambi, nokuti hezvo zvazadziswa. Zvauchataura, zvichaitika." O-o, imi! Hezvoka. "Ndichakuratidzai zvinhu izvozvo." Imiwe-e! Egipita yakazviona. Vakazviona nguva dzamanheru dzava kusvika, kana kuti panguva yamanheru.

176 Akavaratidza kunaka Kwake. Akavaratidza kuti Aikwanisa kuzvibvisa, kupodza.

177 N'anga dzakaedza kuita zvimwe chetevo, vaedzeseri. Varipo nguva dzose. Paiva naJanesi naJambure, vakamirapo. Asi pakuzosvika pachinhu chaicho, vakanga vasingakwanisi. Ndizvozvo chaizvo. Vakatevera, kwechinguva chiduku. Asi, shure kwakanguva, hupenzi hwavo hwakaratidzwa.

178 Uye Bhaibheri haritauri here kuti zvimwe chete izvi zvichaitika mumazuva okupedzisira, "sezvo saJanesi naJambure vakapikisa Mosesi"? Asi hupenzi hwavo hwakaratidzwa, ndizvo zvazvichaita zvakare. Maona? Hezvo izvo, varume vane mifungo ine tsvina, vakatsauka paZvokwadi, zvaIri. Vangadaro vaine vungano nezvinhu zvikuru, uye zvikuru, zvapamusoro, zvinoyevedza, asi nguva ichasvika pakupedzisira.

179 Mira wakadzikama neChiratidzo! Mwari ndizvo zvaanoda kuti tiite. Bata paShoko raKe, usabva paRiri. Gara naRo. Bhaibheri rakadaro.

180 Rufu rwakanga rwava kupinda. Mwari akanga avaratidza tsitsi, aratidza simba nezvishamiso.

181 Zvino ngatimbomirai, kutarisa pawachi iyi. Tifunge mundangariro dzedu, zvakare, kuti Akavimbisa kuti mazuva okupedzisira kuchaitikei. Handizivi kana isuwo tisingafaniri kuzvitarisavo, zvakare, maona?

182 Akaita zvose izvi, asi havana kushuva kuda kutendeuka, kana kutenda shoko renguva iyoyo. Vakanga vasingadi kuzviita, kunyangwe zvakanga zvaratidzwa pamberi pavo, uye zvaziviswa zvechokwadi.

183 Uye kana muchiona zvinhu zvakadaro zvichiitika, chiratidzo chokutonga kuri kuuya. Kutonga kunotevera zvinhu zvakadaro. Zvakanga zvichingoita saizvozvo, uye nguva ino hazvishanduki. Maona? Kutonga kunotevera nyasha. Kana tsitsi dzarambwa, hapana chimwe chasara kusiya kokutongwa. Nokudaro kunongogara kuchitevera.

184 Zvino, mamiriro ezvinhu. Chose chinoitika pamweya chiratidzo chinobva kuna Mwari. Chenjerai. Cherechedzai

izvozvo, maona. Tarisai, chose chinoitika pamweya, chose chinoitika, chiratidzo. Hatipo pano netsaona. Zvinhu izvi hazvingoitiki netsaona. Chiratidzo. Chiratidzo, cho—chokuti tinofanira kupinda mukuchengetedzwa, nokukurumidza. Noah akanga ari chiratidzo kuchizvarwa chake; Eriya chiratidzo kune chake; Johane aiva chiratidzo kune chake. Maona? Zvose, Mharidzo yenguva ino, chiratidzo. Itarisei, tarisai zvaIri kuita. Muri kuona? Chiratidzo. Chose chinhu chine zvachinoreva.

185 Mharidzo yakadai seino hayaigona kuvapo imwe nguva kunze kwenguva ino. Hayaikwanisa kuuya munguva YaLuther, hayakwanisa kuuya munguva yaWesley, hayaikwanisa kuuya munguva yePentekosti. Hayaizvikwanisa. Maona? Hapana chii . . . zvakadai hazvisati zvamboitika, asika yakavimbiswa muBhaibheri. Maona? Tava kumagumo. Hapana chaikwanisa kuitika, hazvaikwanisa kuitika nguva ino isati yasvika. Uye zviri kuitikira chiratidzo. Hameno kuti chiratidzo ichi chii?

186 O-o, vanhu vaduku, hama yangu, hanzvadzi, enda pasi peChiratidzo icho, nokukurumidza. Maona? Rega, rega kutora chimwevo chinomiririra. Rega, rega, rega, kuita izvozvo. Maona? UsangoChifungidzira. Gara ipapo kusvikira waziva kuti Chiratidzo chaiswa, kusvikira (yose) pfungwa yaiva muna Kristu yava mauri, kusvikira zvose zvisina maturo zvenyika zvaenda, maona, kusvikira chishuvo chomwoyo chava Iye. Maona? Zvino, ipapo, unozoziva, unozoziva kuti pane chiri kuitika. Jesu akati, "Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda," kwete vatendi vokuedzesera, asi vatendi. Muri kuona? Zvino, hatidi kubata, zinyekenyeke pazviri; haufaniri kudaro.

187 Shoko renguva ino chiratidzo kumachechi. Chiratidzo kuvanhu. Rega . . . muri, muri kuzvibata here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ndinotenda, vari kuteerera matepi, vari kuzvibatavo, maona, nokune dzimwe nyika. Maona, nguva yechiratidzo yava pano. Pane Chiratidzo chinofanira kuiswa, uye haChaigona kuuya neimwe nguva.

188 Cherechedzai kugadzirira kwaMwari nguva iyi. Zvino, sezvatinoziva kuti Bhaibheri rakati, "Zvinhu zvose izvi zvakaitika somuenzaniso, muri kuona, kwatiri." Tarisai, Mwari paAkanga oda kutonga Egipita, chokutanga Akagadzirira. Akaitei pokutanga? Haashanduri hurongwa hwake.

189 Pokutanga, paAka, paAkaita gadziriro Yake, Akatuma muprofita neshoko. Chokutanga chaAkaita kuvanhu Vake ndechokutumira muprofita neshoko.

190 Chechipiri chaAkaita, kutsigira muprofita uyu, Akatumira Shongwe yoMwoto kusimbisa, kutsigira.

191 Chetatu chaAkatumira chaiva chiratidzo. Ndizvozvo chaizvo. Chiratidzo, chiratidzo chairevei? Kusimbiswa!

192 Chokutanga, muprofita waKe neshoko; Akazviratidza pachaKe pakati pa . . . ne—neShongwe yoMoto nomuprofita

waKe; Akazotumira chiratidzo, kuti vapinde pasi peRopa iri, kuti akanga agamuchira rufu urwu panzvimbo yako. Zvino, ropa raiva chiratidzo chokuti Aikutarisa, wakanga wanzwa shoko, ndokubva watenda Shongwe yoMwoto, ndokubva wagamuchira chinotsiva chaAkanga akupa, uye wakanga wava pasi peropa rinotora nzvimbo yohupenyu hwakakufira. Imi! Chinhu chakakwana, chinhu chakakwana zvakadini, maona, uri pasi peropa.

193 Zvino uri pasi poMweya, pasi poMweya Mutsvene. Maona? Maona? Unotenda shoko rezuva rako, maona, unotenda si—si—si—si—simba, Shongwe yo—yo—yoMwoto. Unozvitenda, maona, uye unotenda.

194 Zvino, zvino onai, kungoZvitenda chete hazvikwani. Kwete ku—ku . . . Kufamba paChiri, hazvina kukwana. Maona, kutonyanya kuti zvikuipire, "Nokuti uyo anoziva kuita zvakanaka akarega kuzviita, kwaari chivi." Maona. Vatendi vaya vanogumira pamuganhu, Jesu akataura zvimwe chete.

195 VaHebheru, chitsauko 6, "Nokuti kana vari ivo vakambovhenekerwa, vakaravira chipo chokudenga, vakagoverwa Mweya Mutsvene, vakaravira Shoko rakanaka raMwari, namasimba enyika inovuya, kana vakazotsauka, hazvibviri kuvavandudzazve kuti vatendeuke; nokuti vanozvirovererazve Mwanakomana waMwari pamuchinjikwa; vachiti sungano yeRopa, iro ravakacheneswa naro . . . " Ropa rinochenesa. Hachisi Chiratidzo. Zvino Ropa harisi Chiratidzo. Hupenyu ndihwo Chiratidzo.

196 Hupenyu hawaigona kuvapo, nokuti hwaiva hupenyu hwemhuka. Ropa ndiro raiva Chiratidzo, waifanira kuva neropa chairo pamusuvo. Asi zvino wava Mweya Mutsvene. Tiri kusvika kwazviri, munguva shomana, kuzvisimbisa, maona. Hupenyu ndihwo Chiratidzo.

197 Hupenyu hwako hwaenda, wafa, uye hupenyu hwako hwafa. Wavanzwa muna Mwari, kubudikidza naKristu, wasimbiswa imomo noMweya Mutsvene. Pfungwa yakanga iri muna Kristu yava mauri. Uye Kristu, neBhaibheri, neShoko, zvimwe chete. "Pakutanga kwakanga kune Shoko, Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari." Zvino iwe, neShoko, naMwari, naKristu, mava chinhu chimwe. "Uye kana mukagara maNdiri, neShoko raNgu mamuri, kumbirai chamunoda, muchachiitirwa." Maona?

198 Akaisa simba rake mumiromo yaMosesi, kuti aendeko neShoko Rake ogotaura, matatya akauya; akataura, matatya akaenda; akataura, inda dzikauya; akataura, hupenyu—inda dzikaenda. Ameni!

199 Asi zvino Chiratidzo chaidikanwa kuna Israeri yose. Israeri yose yaidikanwa kuti ive nechiratidzo ichi." Uye kana ndikaona

chiratidzo, ndichakupfuurai." O-o, imi, imiwe-e! Kusimbiswa kwakadini.

200 Kubuda kweIsraeri muEgipita, kwaimirira, zuva rino. Egipita yaiva chechi, uye Israeri yaimirira Mwenga. Sezvo Israeri yakabuda muEgipita, naizvozvo Mwenga unobuda muchechi. Maona? Nokuti, panofanira kunge pane chinhu chokuti Ibude machiri, uye Unofanira kubuda, zvino, kana wakanga uri mufananidzo. Ke—kereke iri muEgipita, munyika muzvivi, uye haina kana ha—ha—hanya neChiratidzo chako. HavatomboChitendi. Asi Israeri yaichida, nokuti chaiva ruponeso kwavari. O-o! O-o! zvinofanira kutifadza, zvinofanira kuita kuti mwoyo yedu . . . O-o!

201 Chiisei, chechi! Regai kukundika. Ndizvoka? Rega, rega, rega kudokerwa nezuva. Rega, rega, rega, rega kuzorora, masikati novusiku. Regai kuita zvokutamba. Hazvishandi, vana. Hazvishandi! Munofanira kuva neChiratidzo!

202 Ungati, "Ndinotenda. Hongu, ndinoenda, hongu, ndinotenda Mharidzo. Ndi . . . " Zvose zvakanaka izvo, asi, zva—zvakanaka.

203 Asi unofanira kuva neChiratidzo! Muri kuzvinzwa here, Branham Tabhernakeri? Munofanira kuva neChiratidzo chichionekwa! Kana usina Chiratidzo, kutenda kwako hakuna maturo. Maona? Unorarama hupenyu hwakanaka; unoterera zvinotaura Shoko, unoenda kuchechi; unoedza kurarama zvakarurama; zvakanaka, asi handiZvo. "Kana ndikaona ropa," ndiro Chiratidzo. Uye Chiratidzo apa hachisi . . .

204 Nokuti, chii, A—Aifanira kunyatsoona ropa chairo, nokuti hupenyu hwakanga hwabuda, hwabuda mariri, yaiva mhuka.

205 Asi pano Hupenyu Hwake chaiHwo hwakanga huri muRopa. Uye ropa raiva chiratidzo chete chokucheneswa. Asi Hupenyu pachaHwo ndihwo Chiratidzo; nokuti pasina kudzingiswa, pasina Chiratidzo, hausi musungano. Zvose zvinoshanda pamwe chete. Kana ukati wakadzingiswa kuShoko, Iro bedzi, zvino unotenda Shoko; kana uchitenda Shoko, zvino Chiratidzo chinofanira kuuya, nokuti akati, "Tendeukai, mugobhabhatidzwa mumwe nomumwe wenyu MuZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi, mugogamuchira chipo choMweya Mutsvene." Hezvoka. O-o, zvangu!

206 Tarisai zvino kugadzirira vanhu vaKe venyika yechipikirwa. Tarisai zvaAkaita. Kutanga, akanga ana vanhu vaAkanga Agadzirira nyika. Akanga Avagadzirira nyika. Zvino Akazotumira kugadzirirwa kwavo, kwavanhu venyika yechipikirwa. Vakanga varivo chete vakanga vakatemerwa kunyika yechipikirwa, . . . ? . . . Uye maitiro aAkaita, Akatumira muprofita neshoko, akaritsigira neShongwe yoMwoto, akavapa chiratidzo chokuti vazorore vakasimbiswa kuti chaiva chechokwadi. Ndizvozvo. Ndiko kunyaradzwa kwavo.

207 Israeri, ichibuda muEgipita, wa—waiva mufananidzo. Zvatiri ndizvo zvaimiriririrwa, Chechi ichibuda mumadhinominesheni. Zvino, kwete madhinominesheni. Ndiri kureva Mwenga. Maona? Vamwe vanhu, mamwe mapoka akazvimirira oga akangoipavo samadhinominesheni; dzimwe nguva kutopfuurisa.

208 Ndiri kutaura nezveChiratidzo chaiswa. Chiratidzo chinobvumirana neShoko rimwe-nerimwe. Maona? Chinofanira kudaro, nokuti IShoko; Hupenyu hwakanga huri muShoko. "Mashoko Angu Mweya, noHupenyu," ndizvo zvakataurwa naJesu. Maona?

209 Mosesi paakatanga shumiro yake muIsraeri, nezviratidzo zvikuru, muri kuona, Israeri yakakurumidza kuungana kubva mativi ose eEgipita, vachienda Gosheni, vava kudzokera kumusha kwavo, nokuti vaiziva kuti pane chiri kuda kuitika. O-o, mufananidzo wakadini!

"Oh, they come from the East and West,
They come from the lands afar, (hongu, makanzwa ruyo urwu)
To feast with the King, to dine as His guest,
How blessed these pilgrims are!
Beholding His hallowed face
Aglow with love Divine;
Blest partakers of His grace,
As gems in His crown to shine.

Oh, Jesus is coming soon,
Our trials will then be o'er.
Oh, what if our Lord this moment should come
For those who are free from sin?
Oh, then would it bring you joy,
Or sorrow and great despair?
When our Lord in glory comes,
We'll meet Him up in the air.

210 Kuratidza Chiratidzo! "Ndichamumutsa nezuva rokupedzisira." Chokwadi! Tiri mumazuva okupedzisira.

211 Vanhu vachiungana muGosheni. Vakanga vagadzirira. Vaiziva kuti pane chava kuda kuitika. Vakanga vakaita sezvakangoita . . .

212 Ukatora madhadha munguva yokubhururuka, ose anomhanya oungana pamwe chete. Nenyuchi zvakare, zvose, zvinogadzirira, pane chimwe chinhu chinounganidza.

Mweya Mutsvene unounganidza vanhu!

213 O-o, kana yava nguva yehasha huru dzaMwari kuti dzidururwe, zvose . . .Pakauya madhadha maviri, chirume nechikadzi. Pakauyazve handi mbiri, chirume nechikadzi; pakauya mabhiza maviri, rume negadzi; chimwe chinhu

chaivapo chichizviunganidza, zvakatemerwa. Dzimwe dzose dzakaparadzwa! O-o! [Hama Branham vanouchira maoko avo.] Dzimwe dzose dzakaparadzwa! Asi idzo dzakanzwa kusundwa kupinda mukati, dzakaziva kuti areka yagadzirwa. Chaiva chiratidzo kuti mvura iri kuuya. Dzaiziva kuti mvura iri kuuya, hazvina mhosva kuti zvairatidzwa zvii kana kuti vamwe vanhu vaifungei. Dzaiziva.

214 Pane chimwe chinhu mukati madzo, chakati, "Pindai umo, nokukurumidza! Pindai mukati umo, nokuti ndiyo nzvimbo chete ichazenge yakachengeteka." Nokuti, Mwari akagadzira muprofita, Akatumira areka sechiratidzo, Akati, "Pindai imomo," uye mvura yaizouya. Zvino dzakapinda imomo, mbiri-mbiri. Mhuka dzose dzakapinda, dziri mbiri-mbiri, muareka, nokuti dzakapinda mairi. Hazvina mhosva kuti dzimwe . . .

215 Zvose zvaiva kunze kweareka zvakaparadzwa. Chose chaiva kunze kwechiratidzo, cheropa, chakaparadzwa, munhu wose. Uyevo wose ari kunze kweChiratidzo, choMweya Mutsvene, achaparadzwa.

216 Hazvina mhosva kuti wakanaka sei, kana kuti une nhengo dzechechi dzakawanda sei! Vakanga variko vakawanda mumazuva aNoah. Vakanga vakawanda zvakare munguva yaMosesi; asi munhu akakundika kuisa ropa, sechiratidzo, akaparadzwa. Avo vakatadza kupinda muareka, vakaparadzwa. Avo vanotadza kupinda muna Kristu, nokuti Ndiye Areka!

217 1 VaKorinte 12, inoti, "NoMweya mumwe chete takabhabhatidzwa tose muMutumbi mumwe chete." Womweya, kwete madhinominesheni; asi womweya, kwete masangano; muMutumbi womweya waJesu Kristu! "NoMweya mumwe," mavara makuru M-w-e-y-a, Mweya, "tose tinonyudzwa muMutumbi mumwe chete." Zvino Chiratidzo chinova pamusuvo, nokuti wava muna Kristu. Uye Ndiye Aiva, Chibairo chako, Akatora kutongwa. Zvino kana Mwari achitarisa ipapo, hapana zvaAngagona kuita. Wakachengetedzwa zvachose, nokuti Mwari naKristu Munhu mumwe chete, Mweya wakaitwa nyama ukagara pakati pedu. Zvino pana Mwari paChake, nemi, vana vaKe pachaKe, muMutumbi. Hezvoka. Kwete ropa, asi Mweya! "Ndichakupfuurai."

218 Vakabva kose-kose muEgipita, kuzoungana panzvimbo imwe chete, kuti vaende pasi pechiratidzo ichi.

219 Uye vakabuda muMethodisti, Bhaptisti, Presbyterian, Lutheran, Pentekosti nokumwe kose, kuti vapinde pasi peChiratidzo. Zvimwe chete zvakaitika munguva iyoyo!

220 Shongwe yoMoto ndiyo yakaratidzwa ikoko. Mumwe akaudza mumwe, mumwe akaudzavo mumwe, mumwe akaudzavo mumwe, uye, chokutanga unozivei, vose vakatanga

kuungana. Vakatanga kuuya, vakatarisa chiratidzo chaMwari. Vakati, "Kutongwa kwava pedyo."

221 Zvino muprofita akati, "Ndanzwa kubva kuna Mwari. Pachava nechiratidzo. Uye isai ropa pamusuvo. Urayai gwayana, isai ropa pamusuvo, iroro richava chiratidzo, nokuti rufu rwava pedyo."

222 Regai ndikuudzei nhasi, somuranda waKe, kunze kwokunge Chiratidzo chiri pamusuwo, pano rufu pamweya ruchaitika. Zvakare makereke ose akananga kumu—kumubatanidzwa, Mubatanidzwa waMachechi eNyika yose. Vose vari kudzokera kuchiKatorike. Uye avo chete vakaberekwa patsva, zvechokwadi, ndivo vacharega kupindamo!

223 Rangarirai, kwete madhinominesheni enyu ePentekosti, nokuti vakatopinda kare. Zvinoratidza kuti vakafa! Vakaparara. Vakazvipirisa. Vakadzokera shure. VakaMuisa kunze kwomusuvo, asi Ari kutsvaga Chiratidzo. Nokuti, chinhu bedzi chavaivimba nacho, kwaiva kutaura nendimi.

224 Rega kumbovimba nokutaura nendimi kupi zvako, kana nechimwe chinhu. Asi ita kuti Chiratidzo Choga chivepo, Zviri Jesu Kristu, Hupenyu Hwake chaiHwo mauri. Wakadzingiswa kwete *ichi*, ne*chocho*; asi kudzingisa zvose zvauri, kusvikira iwe naKristu mava Mumwe. Kristu mauri, uye Hupenyu Hwake huri kuraramwa mauri.

225 Zvino, kubva muEgipita yose! Uye tarisai zvino, tichiona zvavakaita, tichiona nguva ichiswedera, tinorairwa kuita zvimwe chete. Manga muchizviziva here? Tarisai zvakataurwa noMuprofita.

226 Uye tichaverenga zvino, kana muchida kuverenga, kuVaHebheru chitsauko 10. Kana muchida kuverenga neni, ndinoda kuverenga ndima imwe kana mbiri iko zvino, tisati taenda mberi. VaHebheru chitsauko 10. Ngatitangirei pandima 26 yechitsauko 10 chaVaHebhuru. Kwete, ndiri . . . Ngationei. Hongu. Hongu, changamire! VaHebheru, chitsauko 10 ndima 26, maona.

> *Nokuti kana tichitadza nobwoni, kana tambogamuchira . . .*"

227 Regai ndione, ndizvo here? Hongu. Ndizvozvo. Hongu.

> . . . *kana tichitadza nobwoni kana . . . tambogamuchira zivo yezvokwadi, hakuchina chibairo zvakare pamusoro* pezvivi.
>
> *Asi kungomirira tichitya kutongeswa, nokutsamwa kunopfuta somwoto, kuchapedza* vavengi.
>
> Apa onai! Munhu*wakaramba murairo waMosesi unofa asinganzwirwi tsitsi, kana pane zvapupu zviviri kana zvitatu:*

> . . .hamufungi here kuti kuchava *kutongwa kwakadini, kumunhu* wakatsika, *Mwanakomana waMwari, akati* . . .ropa resungano, *raakaitwa mutsvene naro, harina maturo zvaro, akazvidza Mweya wenyasha kuti iye haanganzi wakafanirwa nokurohwa kunopfuura uku kwazvo here* zvinobva muRopa?

228 Mushumiri, nhengo, munhu wakanaka, munhu wetsika dzakanaka, ungava ani zvako, unoziva kuti Mwari akabvisa fodya pauri. Madzimai, unoziva kuti Akabvisa zvikabudura, ne—nebvudzi pfupi, nezvimwe zvose, kubva pamuri. Unoziva kuti Akaita izvozvo. Asi wodzokerako, wozvidza Ropa resungano, sezvaRiri, "sechinhu chisina kuchena," Rakakuchenesai uye rikakusvitsai pamava apa!

229 Savashori, kana vakasvika kumuganhu wenyika, vakatarisa, vakati, "Zvakanaka, ndinoziva iriko, asi chidziviso chikurusa. Tinotaridzika semhashu," vakaparadzwa murenje. Vatendi vanogumira pamuganhu!

230 Rega kungosvika *apa* chete, unoti, "Ndinotenda Mharidzo." Teerera Mharidzo! Pinda muna Kristu! Ungati, "Zvakanaka, ndinotenda Shoko rimwe nerimwe ramakataura, Hama Branham." Izvo zvakanaka, asi kungo—uko kungokwanisa kuverenga chete.

231 Tora Mharidzo, Iise mumwoyo mako, kuti uve neChiratidzo, Hupenyu chaihwo hwakanga huri muna Kristu huve mauri." Kana ndikaona iZvozvo, ndichakupfuurai."

232 Apo tichiona zviratidzo zvikuru zvenguva yokuguma zviri panyika nhasi, tinoziva kuti ndizvozvo. Zvino onai, ndakamirira izvi, kwenguva, refu-refu, kupa Mharidzo iyi kwamuri. Maona? Uye makaona zviratidzo zvenguva yokupedzisira. NdakaZviparidza kwamuri, ndikaZvitaridza kwamuri, nezvose zvakataurwa naKristu. Ndizvozvo here? [Ungano, "Ameni."—Mupepeti] Munozvibvuma here izvi? ["Ameni"] Tava munguva yokupedzisira. Handioni chimwe chasara.

233 Ungati, "Ko zvomucherechedzo wechikara?" Avo vanoramba Mweya Mutsvene vakatodhindwa kare nechikara. Kurangwa kunozotevera pamberi. Maona?

234 MuIsraeri, hwamanda payakaridzwa mugore reJubheri, munhu wose . . .Makaona here Kristu, paakaverenga izvi? Akaverenga chikamu chendima, nokuti chikamu ichocho chairevera nguva iyoyo. Maona? "Wakandituma kuti ndizivise vakatapwa, kusunungurwa kwavo, nezvimwe zvakadaro, maona," asi, Iye, "nokuzivisa gore raShe rakanaka." Zvimwe zvose, haAna—haAna kuzviverenga; Akaisa Bhuku pasi, nokuti zvakasara zvaiva zvenguva ino. Maona? Akangoverenga chikamu chimwe chete, chikamu chimwe chaiva chenguva yaKe.

235 Zvino izvi ndizvo zvaAchaita munguva ino. Izvi ndizvo zvaAri kutaura, muMweya waKe wakazodzwa, kuchechi nhasi.

Ino ndiyo nguva. Ino ndiyo nguva. Zvigamuchirei, hama. Zvigamuchirei!

236 Ko! Tiri kuona nguva dzokupedzisira, kupenya kwamagetsi matsvuku, kose-kose. Pazvisikwa, tinoona zvisikwa zvichipa chiratidzo, "Nguva yava pedyo." Tinozviona mukereke, kuratidza chiratidzo. Yakatukwa. "Nguva yava pedyo." Zvava munyika. Tinozviona mu—muchadenga, pamakungwa, pandudzi, kose-kose; muzuva, pamwedzi, nyeredzi, Zviratidzo!

237 Tinoona zviratidzo zvoMweya Mutsvene zvenguva yokupedzisira zvichidzoka pavanhu. Sezvazvakanga zvakaita munguva yaRoti, kuti Mweya Mutsvene wakashanda sei munyama yomunhu ikoko, ndiMwari airatidzwa munyama. Zvokuti Mwari Aizozviratidza sei, muMwenga waKe paChake nezuva iro, ogoratidza chiratidzo chimwe chete. Jesu akati zvichava zvimwe chete mumazuva okupedzisira. Tinozviona. Tinoona Shongwe yoMwoto imwe chete. Kunyangwe veSainzi vakatora mifananidzo yaCho, nezvimwe zvakadaro. Tinoona zviratidzo zvenguva yokupedzisira zvasvika. Tinoziva zvava pano.

238 Uye zvakare, muchiona izvi, kana muchinditenda! [Hama Branham vanorova papurupeti—Mupepeti.] Kana musinganditendi; tendai zviratidzo, tendai Shoko, nokuti zvinotaura zvandiri kukuudzai. Dai ndanga ndisingakutaurirei Chokwadi, zviratidzo hazvaipindura. Mwari haapupuriri nhema. Mwari anopupurira Chokwadi. Uye maShoko aya ari kupupura kuti ndiri kukutaurirai Chokwadi. Ndiwo anopupurira Shoko randiri kuparidza. Haazi Mutumwa uyo chete kurwizi kuya musi uya, akati, "Shoko rako richagadzirira Kuuya kwechipiri kwaKristu," mabasa pachawo! Kana musingatendi kuti Mutumwa akataura Chokwadi; chitendai mabasa, nokuti Bhaibheri rakati zvinhu izvi zvichaitika munguva yokupedzisira. Izvi ndiZvo zvinopupura. Ndizvo zvinotaura kupfuura mashoko angu kana aani nani. IShoko raKe. Zvinopupurira nguva ino.

239 Uye tinoona zviratidzo zvikuru izvi, zvinotyisa zvamazuva okupedzisira pamusoro pavanhu; nezviratidzo zvenguva, pamusoro penyika, nokunetseka pamusoro pamarudzi.

240 Tinoona Israeri iri munyika yayo. Nomureza, nyeredzi ina makona matanhatu Nyeredzi yaDhavhidhi, yakasumudzwa, mureza wokutanga, kupfuura mimwe panyika pose. Vava rudzi. Vava hurumende. Vava vanhu vavo pachavo. Vari mugungano ramarudzi. Vari, vari, zvose izvi. Vari muMubatanidzwa weNyika dzapasi pose. Uye vane mari yavo, nazvose. Jesu akati, "Chizvarwa ichi hachingatongopfuuri kusvikira zvose zvazadziswa." Uye, rangarirai, husiku humwe chete hwakaitwa Israeri rudzi, husiku ihwohwo Mutumwa waJehovha akazvionesa kwandiri. Ndizvo chaizvo. Ndipo patava tose apa.

241 Zvose zviri kunongedza kuZvokwadi. Handina kunyepa kwamuri. Ndakakuudzai Zvokwadi. Mwari akapupura kuti ndakakuudzai Zvokwadi. Zvino, rangarirai, ndiri hama yenyu. Ndiri munhu, maona. Ndingori munhu semi mose, asi pane anofanira kuZviunza, pane anofanira kuZvitaura. Yakanga isiri sarudzo yangu; yaiva sarudzo yaKe. Uye ndakakuudzai Chokwadi, zvakare Iye akapupura kuti Ichi iChokwadi. [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.]

242 Tichiona zvinhu izvi zviri panyika nhasi, O-o, vanhu, ino inguva yokupedzisira. Ivai neChiratidzo ichi pamusoro penyu, nokukurumidza kose; kana kuti, pindai muChiratidzo, pindai muChiratidzo. Tichiona chiratidzo chikuru, chenguva yava pedyo, chichitiyambira, "Nguva yava pedyo."

243 O-o, gamuchirai izvi nokutya! Tinofanira kudanana. O-o, veduwe-e! Tinofanira kudanana zvakanyanya! Regai kumbotaura zvakaipa pamusoro pomumwe. Kana mumwe akakanganisa, munamatire nokukurumidza. Tiri pamwe chete mune izvi, naMwari. Tiri hama nehanzvadzi. O-o, raramai zvino huMwari. Raramai, raramai savanasikana vaMwari, raramai savanakomana vaMwari. Raramai zvakanatswa, zvine tsitsi, nokuzvininipisa.

244 Rega kutendera chakaipa kuti chiuye mundangariro yako, nomupfungwa dzako. Ingo, Ingochidzinga. Kana chikagogodza pamusuwo, chibvise. Ingoti, ingoratidza Chiratidzo chako, ramba uchingofamba, "Ndiri pasi peRopa!"

245 Rangarirai, kwaiva navazhinji vakauya kumadzimai aya husiku ihwohwo, [Hama Branham vanorova papurupeti—Mupepeti.] vachiti, "Nhai, Gertie, Lillie, vamwe venyu, huyai, tiri kuenda kupati manheru ano."

246 "U-u! Ndiri pasi peropa. Ndiri pasi pechiratidzo, kuti ndigare pano. Rudo rwangu ruri kuMusiki wangu. Rufu ruri munyika husiku huno."

247 Uye rufu ruri munyika nhasi uno. Kutonga kwakamirira, kwakatomirira. Zvombo zveatomiki, nehydrogeni, nazvose zvinoparadza, zvakamirira marudzi.

248 Uye Mwari ari kufambisa Chechi yaKe, achiratidza zvose. Tanga takachengeta Gwayana kwenguva yakati zvino, takatarisa, tichiona zvaAri kuita, takatarisa hunhu hwaKe nezvimwe zvakadaro, asi iko zvino Chiratidzo chinofanira kuiswa. Chinofanira kuiswa. Ndizvo chete zviripo. "Kusiya kokunge munhu aberekwa noMweya, nemvura, haangatongopindi." Uye munofanira kudanana. Vatendi vanofanira kuzvipatsanura kubva kunyika. Regai kuzvitora sezvisina basa.

249 Zvino, imi vanhu makateerera Izvi, mumatepi, imi madzimai, imi varume, teererai zvishomanana. Kana makambonditenda, chiZvitendai iko zvino.

250 Inguva yokuti tirege kunetsana-netsana. Tendai Mharidzo yeBhaibheri! Tendai Jesu Kristu! Uye dananai, remekedzanai, kudzanai. Varume remekedzai madzimai enyu. Remekedzai dzimba dzenyu. Unganidzai mhuri yenyu pamwe chete, nokuti, rangarirai, Gwayana iri raiva remhuri, kwete munhu mumwe chete; mhuri yose, yaifanira, kupinzwa mukati. Zvose zvaifanira kupinda mukati. Tinofanira kudanana. Uye vatendi vanofanira kuzvitsaura kubva kunyika.

251 Cherechedzai, havana kungouya kuzotaura pamusoro pemharidzo. Vakauya kuzoisa ropa, kuisa chiratidzo.

252 Ndizvo zvamunofanira kuita. Mufudzi Neville, nokuvungano ino, vabati vehomwe, madhikoni, nokwamuri hama, yakwana nguva yokuti tisendeke hupenzi hwose hwomunyika, yakwana nguva yokuti tizvisiye zvose. Taona zvakakwana, zvokuti tava nechokwadi, chakakwana. Uye Chiratidzo chinofanira kuiswa. Kana Chisipo, uchaparara; unofanira kuparara. Ndicho chinhu chete.

253 O-o, regai kungoungana, moti, "Ini ndinoZvitenda." Pinda pasi paCho, pinda mukati maCho! [Kukanganisa kwewairosi kunoitika—Mupepeti.] Unozviita sei? "NoMweya mumwe chete tinobhabhatidzwa muMutumbi waJesu Kristu." Munhu wose ngaatende, nomwoyo wake wose. Maona? Haaidavirira ani nani aiva kunze kwaCho.

254 Ndiani ari kutaura uyo? [Mumwe anopindura kuti, "Kukanganisika kwamagetsi emamaikorofoni, Hama Branham."—Mupepeti.] Kubva mudenga here? ["Zvapinda nomusipika."] Nomusipika. Vanayo imomo here? Ndanzwa munhu ataura. ["Hama Branham, ndinofunga kupindana kwamanzwi naari mumhepo eredhiyo kwaita sure uko."] Manzwi eredhiyo, nhai. O-o, va—vakaibatanidza. Ndinofunga vatora . . . O-o, manzwi eredhiyo kudzimota? Ndiregererei. Ndinoziva kuti pano munhu ataura. Uye ndafunga kuti aripo ane chaanoda kutaura, vakasakwanisa, maona, uye ndicho chikonzero nda—ndataura zvandaita. Ndaona muchitarisa-tarisa. Ndanzwa inzwi. Ndafunga kuti pane asimuka kuti ataure, uye handina kuziva kuti chii. Zvino, zvino, mazvita.

Asi, tenda, pinda pasi paCho!

255 Israeri havana kuuya pamwe chete, kuti vati, "Handei kuGosheni, nhasi. Tichadhiraiva kuenda kuGosheni. Kwira ngamera yako, isu tichakwira muchikochikari. Uye tichatora novokwaJoni, kuenda navo ikoko, navana ngana, no—novokwaGoldbergs, tose tichaenda ku—kuGosheni. Unozivei? Mosesi achange achitaura nhasi." Hazvina kunge zvakadaro. Kwete, changamire, hama! Zvaiva, zvokutopinda pasi peropa! Hongu, chaizvo.

Kwete kutaura pamusoro paZvo; pinda maZviri!

256 Mumwe anoti,"Munoziva, vaGoldberg, ndinonyatsoziva kuti iChokwadi."

257 "Hongu, hama, ndinotenda iChokwadi. Ndinoziva kuti iChokwadi."

"VaLevinski, munofungei pamusoro pazvo?"

258 "Ichokwadi chaizvo! Ndakaona simba raJehovha Mwari achitaura. Ndakaona matatya achibuda munyika iyoyo. Ndinoziva kuti hazvina kuitika kusvikira azvitaura, uye ndinoziva kuti ndiJehovha Mwari." Zvino, izvi zvose zvakanaka.

"Wakadzingiswa here?"

"Hongu, changamire!"

"Uri mutendi here?"

"Hongu, changamire!"

259 Uye paakazonzwa Mufudzi Mosesi achitaura, nezuva riya, akati, "Asi unofanira kupinda pasi peropa iri, nokuti Mwari akati, 'Ropa ndiro chiratidzo.' Ndiro Chiratidzo! Hazvina mhosva kuti unotenda zvakadini, kana kuti wakadzingiswa zvakadini; isungano Mwari yaakapa kuna Abrahama, nezvimwe zvakadaro, isungano. Asi unofanira kupinda pasi peropa, ndicho chiratidzo, nokuti Akati, 'Kana ndichiona ropa, Ndichakupfuurai.' MuIsraeri, kana ani!"

260 Kana dhinominesheni kana risiri dhinominesheni, kana ani zvake, unofanira kuva pasi peRopa. Mumethodisti, muBhabhatisti, Presbyterian, Pentekosti, asina dhinominesheni, kana zvipi zvazvo zvauri, ndezvomunhu oga oga. Unofanira kuuya pasi peRopa. Zvino regai kungotaura pamusoro paZvo; Zvigamuchirei! Ndinzwei! Ndinzwei! MuZita raShe, ndinzwei! Maona? Munofanira kupinda pasi peRopa!

261 Haaidavirira munhu wose-wose aiva kunze kweropa. Mwari akajekesa kuti wose asiri pasi peropa aizoparadzwa.

262 Ndingashandisa Mazwi aKe here? Vose vasiri muna Kristu vachaparadzwa. Unopinda sei muna Kristu? 1 VaKorinte 12: "noMweya mumwe chete!"

263 Kwete, "nokukwazisana kamwe chete, kana nokuva nhengo kamwe chete, kana nedhinominesheni rimwe chete." Ndizvo zvavari kuedza kuita. Vangangodaro.

264 "Asi noMweya mumwe chete tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete." "Kana ngirozi inobva kuDenga ikadzidzisa zvimwevo," Pauro akati, "ngaive yakatukwa." Ndiyo Mharidzo, pinda muna Kristu!

265 Tarisai, vanhu vose vaiva kunze kwechiratidzo, Mwari haaivadavirira. Uye Mwari haadaviriri munhu upi zvake, mukuru kana muduku, ano mukurumbira kana asina, mupfumi kana murombo, muranda kana akasununguka, murume kana

mudzimai; Haadaviriri ani zvake anenge asiri pasi pesungano yeChiratidzo. Haadaviriri.

266 Ungati, "Asi, O-o Ishe, ndakaita *izvi*. Ndakadzinga madhimoni. Ishe, ndakaita *izvi*. Nda—ndakaparidza Evhangeri."

267 "Ibvai kwaNdiri, imi vaiti vezvakaipa. Handina kutombokuzivai." Anogamuchira Chiratidzo chete.

268 Muri kuZvinzwa? Itii, "Ameni." [Ungano inoti, "Ameni!"—Mupepeti.] Zvino, naizvozvo zvava pamuri. Aka . . .

269 Rimwe zuva ndigere mudondo umo, uye vakomana vaishamisika, vakati, "Ava mazuva maviri, hamuna . . ." Handina kupfura kana tsindi. Vakati, "Ko zvaita sei?" Maona, ndicho chaiva chikonzero. Maona?

270 Akati, "Zviise pavari, pavari." Akati, "Wakataura—taura kwaNdiri pamusoro pazvo." Maona? Zvino zvava mumaoko ako. Zvava zvako.

271 Hapana chimwe chaanogamuchira kunze kweSungano, yoMweya Mutsvene. Uye haukwanisi kugamuchira Sungano iyi kunze kokunge wakaponeswa, wakacheneswa, nokubhabhatidzwa muMutumbi. Haungagamuchiri.

272 Pamwe ungatevedzera, unganzwa zvakanaka, unga*svetuka-svetuka*, nokutaura nendimi, nokutamba muMweya. Hazvina chokuita naZvo. Zvinzwei, muZita raShe! Mwari haagamuchiri izvozvo. Mahedheni anoita izvozvo. N'anga dzinoita izvozvo.

273 Ungati, "Ndakadzidza. Ndinoita *izvi, izvo*, ne*zvizvi*." Haana hanya nokuti wakadzidza zvakadini. Dhiabhorosi, akadzidzavo, muri kuona.

274 Anongogamuchira Chi—Chiratidzo chete. Ndiyo Mharidzo yanhasi! Ndiyo Mharidzo yanhasi! Ndiyo Mharidzo yenguva ino! MuZita raJesu Kristu, Zvigamuchire!

275 Kwete chi- . . . chinomirira, chimwe chinhu Satani chaanoisa pauri; sorudo rwenhando, runoita kuti munhu ade mumwe mukadzi kunze kwomudzimai wake, kana kuti mudzimai adevo mumwe, kunze komurume wake, kana zvimwe, zvinonyadzisa. Harusi rudo chairwo. NdiDhiabhorosi. Ndiwo mabasa ake. Chimwe chinhu chaakaedza kupa, panzvimbo; yomufaro, kunwa wonzwa zvakanaka nokuda kwazvo, woti, "Ndine bhabharazi; ndichaenda ndondotora bhodhoro rehwahwa, ndizvikanganwe." Ndirwo rufu.

276 Mwari ndiye mufaro wako. Mwari ndiye simba rako. Kuziva Mharidzo, Kuziva Zvokwadi, ndiko kukwaniswa kwedu zvino. Ndiye kukwaniswa kwangu kose. Maari, zvinhu zvose zvandinoshuva, zviri maAri. Ndiro simba redu. "Rubatsiro rwangu runobva kuna Jehovha." Imi maKristu, tsvakai mufaro kwaAri, tsvakai kwaAri simba renyu, tsvakai kwaAri mufaro.

Ndiye rugare rwangu. Ndiye mufaro. Ndiye rudo rwangu. Ndiye Hupenyu hwangu. Ndiyo Sungano, Chiratidzo pagonhi!

277 Haadaviriri munhu, kana mumwe chete zvake, hazvinei kuti ndiwe ani. Haadaviriri munhu, asiri pasi paCho.

278 Uye rangarirai, mhuri yose yaiunganidzwa, pamwe chete. O-o, veduwe-e! O-o! Rangarirai!

279 Ungati, "O-o, zvakanaka, baba vangu muparidzi. Mukoma wangu! Mufudzi wangu! Mu . . ." Zvingava, chokwadi, asika ko iwe?

280 Rangarirai, wakachengeteka kana chiratidzo chaiswa bedzi! Kana munhu aiva pasi pacho *apa*, asi mwanakomana wake ari mhiri kwenzira, aiva ari munjodzi. Aiparara. Baba vake vachirarama. Kana kuti, dai mwanakomana ari pasi pechiratidzo *apa*, baba vari *uko*, baba vake vaiparara. Chiratidzo chete! "Kana ndichiona chiratidzo, ndichakupfuurai." Ndicho chinhu bedzi.

281 Ungati, "Zvakanaka, mwanakomana wangu muparidzi." Imi vanamai mungati, "Ndino mwanakomana akanakisa, kana mwanasikana akanakisa. Ndinokuudzai, vakaisvonakisa. Vakazadzwa noMweya Mutsvene, uye norudo! Vanoteerera. Handisati ndakamboona zvakadaro!" Ko imivo, mai?

282 Unoti, "Mai vangu vakanakisa zvikuru. Ndinoziva, kuti kana vakafa, vanoenda kuDenga, nokuti vane Chiratidzo zvechokwadi, Hama Branham." Ko imivo, vahanzvadzi? Mhuri yose inofanira kupinda pasi pacho.

283 Maneta here! [Ungano inoti, "Kwete."—Mupepeti.] Ndichavhara muchinguvana, nguva shomana. Ndingangodimbura ndogotanga zvakare manheru. ["Kwete."] Asi kana mu—muchida kumbomira zvishomanana, ndichaedza kukurumidza. ["Ameni."] Ndinoda kunyatsoratidza izvi. Nokuti, ndinofunga, iko zvino muchiri pasi pechizoro chazvo, zvingava nani kuti muzvinzwe iko zvino. ["Ameni."]

284 Kana Chiratidzo chaiswa pachena chete! Zvino, mhuri yose inofanira kuva pasi peChiratidzo, cheRopa. Baba namai, ndinoziva kuti muri kunzwa sei. Ndina vana, zvakare, ndinoda kuona vachiponeswa. Ndiri kutozviparidziravo nhasi. Maona? Ndina vanin'ina. Ndine hanzvadzi. Ndine vadikanwa. Ndi—ndinoda kuvaona vachiponeswavo, zvakare. Asi, rangarirai, pasina kuiswa kweChiratidzo, vanoparadzwa. Havamutswi kuvakafa. Ndizvo chaizvo. Vaparara. Kunze kwokunge Chiratidzo chaiswa!

285 Tarisai, Joshua, dai tanga tiine nguva yokuzviverenga. Inyorei pasi, Joshua chitsauko 2; mutendi muHedheni, aipfeva ainzi Rahabi.

286 O-o, dai nguva dzanga dziri 9 O'clock. Ndinoda—ndinoda kutora izvi ndikuratidzei kuti zvakanga zvakaita sei ikoko, maona. [Ungano inoti, "Torai nguva."—Mupepeti]

287 Chipfeve ichi, muHedheni, tarisai, mhuri yake yose. Aiva mutendi. Mhuri yake yose yaifanira kupinda pasi pebote dzvuku, chiratidzo chiya. Vaifanira kupinda pasi paro, kana kuti vaiparadzwa. Vakanga vanzwa nezvehasha dzaMwari. Vakanga vanzwa nezvokuratidzwa kwezvishamiso namashura aMwari pakati pavanhu vaKe, uye vaifanira kuti vazvigamuchire. Aifanira kuzvigamuchira. Mwari, mutumwa wokuparadza, akanga ava kuuya. Vaizviziva. Joshua ndiye aiva mutumwa uyu. Vaiva munzira.

288 Ndizvo zvakaita nyika imwe neimwe, pasi pose, iri munzira yoKutonga kwaMwari!

289 Kachipfeve, aka, kakanzwa. Kutenda kunovuya nokunzwa! Akati, "Nyika yose yavhundutswa nokuda kwenyu." Ndizvo chaizvo.

290 Zvino, vashori vakatumwako kundoita gadziriro, nezvimwe zvakadaro, akaremekedza varume ivavo. Zvakare, aida, kuponeswa. Akati, "Ndinoziva kuti Mwari wenyu ndiMwari, uye ndakanzwa zvikuru zvaAkaita. Ndinoziva zvaAkaita kuna Ogi, uye ndinoziva zvaAkaita kumarudzi akasiyana-siyana. Ndinoona kuti avo vanoMugamuchira vanoponeswa, naavo vasingaMugamuchiri vanoparadzwa. Zvino ndinoda kurarama," akadaro. O-o, vedu! Hezvoka. "Ndinoda kurarama." Nokuti vakanga vaona Jo-. . .

291 Jericho yakanga yanzwa zvaiitwa naMwari, asi vakanga vasingadi kugamuchira yambiro.

292 Zvakare hapana dhinominesheni ririko, munyika yose, risati ranzwa zviri kuitwa naMwari. Havadi kugamuchira yambiro.

293 Simba rake guru nezviratidzo zvakaitwa. ZvaAkaita, Akayambuka Gungwa Dzvuku, sokunge vaiva pavhu rakaoma. Akakonzera, Akasika zvinhu, akaita matatya, inda, netsikidzi kuti zviuye mumhepo; akazvisika neShoko raKe, mumuProfita waKe. Zvakanga zvisina kuvanzwa. Vaizviziva.

294 Uye Rahabi akati, "Ndakanzwa izvozvo. Handidi kuparara pamwe chete navasingatendi ava. Kwete, changamire!" Zivai kuti kutonga kwaifanira kutevera, nokuti vakanga vari munzira. Aizviziva. Nokudaro, vakamugadzirira nzira yokupukunyuka.

295 Vanofanira kunge vakafunga kuti dhinominesheni ravo guru reJericho raikwanisa kudzivisa hasha dzaMwari, maona, dhinominesheni ravo guru.

296 Ndizvo zvinofungwa navazhinji vavo nhasi. "O-o, chokwadi Mwari haangaiti izvi." Ndizvo zvakataura Satani kuna Evha. O-o, chokwadi Mwari haangadaro." Anozviita, nokuti Akataura

kuti Achazviita, maona, zvino iroro Ishoko raKe. Hongu, changamire.

297 "Kana munhu asingaberekwi!" "Uye zviratidzo izvi zvichatevera avo vakaberekwa!" Maona? "Naizvozvo vanhu vose vachaziva kuti muri vadzidzi vangu," nezvimwe zvakadaro, maona. Zvakanaka, vaida kuzviita. O-o!

298 Chii chakaitika? Zvino vakanga vapfigirwa. "Hapana rumutsiriro runoitwa pano. Dhinominesheni redu haritsigiri zvakadaro. Hatisi kuzova nezvinhu zvisina maturo zvakadaro pakati pedu. Ndinokurambidzai mose kuenda kumusangano wacho." U-u! Jeriko, iri munzira yavakatukwa!

299 Asi panofanira kunge paiva navakomana vamatepi vakapindamo, kumbeu yakatemerwa. Vakapinda muchivande mumba make vakamuridzira matepi. Akaita kuti imba ya— yake ive chechi, yokugamuchira Mharidzo.

300 Vachiriko vakadaro, munoziva. Mharidzo yakasvika kuMbeu yakatemerwa, zvakadaro. Hatizivi kuti Yakasvika sei, asi Yakasvika, kuti Vakarurama vasaparadzwa pamwe chete navasina kururama. Mwari ari kuzviita, nhasi. Hongu, neimwe nzira Inopinda. Hatizivi kuti sei. Kunyange vasingaZvitsigiri, asi pane Mbeu imomo yakatemerwa.

301 Munhu wose anoziva Bhaibheri, anoziva kuti chipfeve chiya chakanga chakatemerwa. Zvechokwadi! Haana . . . Bhaibheri rinoti, "Haana kuparadzwa navakanga vasingatendi." Ndizvo chaizvo. Asi akatenda mharidzo yenguva yake.

302 Zvino Mwari akamupa chiratidzo, navatumwa vaKe. Akanzi, "Tora bote, bote dzvuku worisungira pa . . . " Akanzi, "Rangarira, kana ukarega kusungira bote iri ipapo, kana kurisiyapo, iro ratakaburuka naro, hatimanikidzwi kumhiko yedu." Akanzi, "Kana ukarega kugara pasi paro, isu hatizopuwi mhosva." O-o, vedu! [Hama Branham vanouchira maoko katatu—Mupepeti.] "Rahabhi, mbeu yose yakatemerwa iri muno, enda kose uko undovavhima. Tora baba vako, namai vako! Nokuti, isu tichangobuda, pasi pechipiriso ichochi, uko kuEgipita, uye chose chisina kunge chiri pasi pechiratidzo ichi, chakaparadzwa. Rahabhi, ndava kukupa chiratidzo. Chiratidzo. Zvino ndinoti, muZita raShe, sezvatingataura zvimwe chete, kana ukaisa izvi! Ndinoziva izvi, nomutumwa. Ndinozivana nomutumwa worufu, Joshua. Mutumwa waMwari anoparadza. Ndinomuziva, zvakare anoziva kuti panofanira kuva nechiratidzo chinoonekwa. Zvino iwe chirembedza ichi ipapo, ndinokusimbisa. Ndinoita mhiko." Uye Mwari akaita mhiko, zvakare, kuti vose vakanga vasiri pasi pacho vaiparadzwa, navose vaiva pasi vairarama.

303 Zvino, mhiko imwe chete iripo nhasi, chinhu chimwe chete, maona, "Handiregi muchiparadzwa pamwe chete navasingatendi Mharidzo." Uye ivo . . .

304 Akanga anzwa kuti mabasa akaitwa, uye akazvitenda. Asi, nezva, aiva . . . Iye nababa vake, nehanzvadzi, kana vamwevo, ndivo chete vakatenda, muguta rose.

305 Muri kuona kuti vashoma zvakadini? *Apo naapo*, mhuri diki inobuda mudunhu rose. Ndizvoka? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ndizvo chaizvo zvino, tiri kutaura zvinhu zviripo. Tiri . . . Kuti uzive chinhu chacho chaicho, unofanira kutanga waona mumvuri wacho. Unofanira kutanga waona mumvuri, wozoziva kuti chinhu chaicho chinenge chakaita sei. Maona?

306 Simba rake rakaratidzwa. Kutonga kwakanga kwava munzira. Vanofanira kutenda, kuti vagoponeswa. Hongu, changamire. Uye izvi zvi . . .

307 Zvino varume ava vakapindamo, vatumwa ava, uye—uye vakandobata mbeu yakatemerwa yaitenda. Akashandisa imba yake sechechi, kugamuchirira vatumwa ava. Vamwe havana kuvatendera mumachechi avo. Kwete, changamire. Maona? Saka aka . . .

308 Kana iwe, havakubvumiri. Vanokudzinga kana ukada kutaura chimwe chinhu nenyaya yaCho. Hongu. Maona?

Vakatora vose vaiva muguta rake, vaitenda, pasi pechiratidzo.

309 Ndizvo zvatinofanira kuita nhasi. Kana uchida kuti vadikanwa vako vaponeswe, wotovapinza mukati iko zvino. Maona?

310 Hasha dzaMwari padzakaparadza guta guru iri, chiratidzo chakachengetedza imba yake. Ameni. Chii? Chiratidzo chaiva pane chakasungirira . . . Kana kuti, chiratidzo chaiva paimba yake, guta rose parakazunguzirwa pasi. Chaiva chii? Chaiva chii? Joshua, mutumwa waMwari! Mwari pachaKe akagamuchira mharidzo yomutumwa waKe. Ameni! [Hama Branham vanorova maoko kaviri—Mupepeti.]. Zvakaitika! Zvakaitika. Vakagamuchira mharidzo. Akagamuchira mharidzo yomutumwa waKe. Zvino guta rose parakazunguzirwa pasi, imba yaRahabhi yakamira iine bote dzvuku pamusuvo, asi dzimwe dzose dzakaparadzwa.

311 Zvino, ngirozi dzinoparadza dzakafamba dzikaparadza zvose zvakanga zviri muguta imomo, hapana kana chakasara. Mumwe akatora chimwe chomo, akatoparadzwa pamwe chete nacho, kubva mudhinominesheni. Akatora zvose akazviparadza! "Ngaatukwe munhu anoedza kurivaka. Mwana wake wedangwe achafa paanongotanga," nezvimwe zvakadaro. Mwari akarituka saizvozvo, guta guru iri raka- . . . mharidzo yenyasha netsitsi, vakafunga kuti vakanga vakachengeteka.

312 Vanhu vazhinji nhasi, vanofunga kuti, "Nokuti ndiri nhengo yechechi, ndakachengeteka." Rega kutenda zvisinamaturo zvakadaro.

313 Zvino, "Ropa richava chiratidzo kwamuri." Mweya zvino ndiwo Chiratidzo kwamuri, Hupenyu hwaiva muRopa.

314 Zvimwe chete, imbofungai izvozvo, chiratidzo chimwecho chavakashandisa muEgipita, chiratidzo chimwecho chohupenyu chaiva muEgipita, chaiva muEgipita, Mwari akashandisa mufananidzo mumwe chete ukuvo. Joshua, mufananidzo wakakwana waJesu, akanga akatendeka kuchiratidzo chakaparidzwa nenhume dzake. Joshua, paakadaro, akati, "Musabata imba iyi kana chii zvacho chiri mairi. Yakachengeterwa Ishe." Ameni!

315 Muhedheni, chipfeve, fambi, asi akanzwa akazvitenda, akaisa chiratidzo.

316 Hazvina mhosva kuti wakanyura zvakadini muzvivi, kana kuti wakaitei, hazvinei nechokuita nazvo. Iwe isa Chiratidzo. Chakaitirwa iwe. Kana uchinzwa kakusundwa mumwoyo mako, ndeChako. Iwe isa Chiratidzo. Uye uyu Josh-. . .

317 Uye izwi *Joshua* rinoreva "Jehovah-muponesi." Zvimwe chetevo na*Jesu,* zvinoreva "Muponesi." Zvino, Joshua, paakaziva kuti nhume dzake. . .

318 Nhume dzake dzakadzoka, dzikati, "Ndateerera mirairo yenyu. Zvino pano mudzimai watakaona, patakaridza matepi, munoziva. Takaona mudzimai akatenda. Uye takamuudza, kuti vose vaiuya pasi pechiratidzo chitsvuku, chiratidzo, zvairevei. Zvino ndakaparidza izvozvo. Uchazviremekedza here, Joshua?"

"Ndakakutumai kundozviita." Ameni.

319 Uye zvino, izvo, Mwari paakazviremekedza, imba iyi haina kumbozunguzwa. Zvino Joshua akamirapo akapa chiratidzo kuti guta rose riparadzwe, vakaendamo, Rahabhi nehama dzake vakagara zvavo, nezvinhu zvavo zvose, ameni, ameni, zvinhu zvavo zvose zvaiva mumba, zvakachengeteka. Vakangogaramo, vasingambotarisi napafafitera. Vaikwanisa kuverenga Gwaro hondo ichiitika.

320 Mudzimai uyu akazouya, ndokufambidzana nomutungamiriri wehondo, akasimudzwa, akauya muBheterehema, akapihwavo mugove wake pakati pavo. Akazobereka. . . Akazobereka mwanakomana aiva nomukurumbira, mwanakomana uyu ndokubereka mumwevo mwana ano mukurumbira, iyevo akabereka mwanakomana ano mukurumbira, kusvikira, Mwanakomana mukurusa ane mukurumbira auya. Munzira yose, kubva pana Obhedhi, tichiuya pana Jese, kusvikira kuna Dhavhidhi. Ndizvo chaizvo, chipfeve Rahabhi, nokuti akatenda mutumwa. Akaisa chiratidzo, imba yake ikaponeswa, dai asina kudaro angadai akaparadzwa imomo.

321 Tereresai zvino. O-o, ungati, unozozvigamuchira here? Vose pasi pacho vakaponeswa muEgipita. Vose pasi pacho

vakaponeswa muJeriko. Vose vari pasi paCho vachaponeswa nhasi. Vari muropa nhasi, gwayana rine ropa, mufananidzo waJesu Kristu.

322 Muna vaHebheru, 13:10 na20. Handina nguva yokupaverenga. Nyorai pasi. Ndanga ndichapaverenga. Inonzi "sungano yakanguva." Ropa raShe Jesu rinonzi "sungano yakanguva." Hongu, changamire! "Sungano yakanguva."

323 Sei isina kunzi *"Sungano yokusingaperi"*? Nokuti haigoni kunge iri Youkusingaperi. Kana tadzikinurwa, zvapera ipapo. Isungano *yakanguva*, zvichireva kuti, "iripo nguva yakatarwa," kusvikira nguva yapera. Hakuzovi neimwe. Kana nguva yapera, hatizodi sungano. Asi kana nguva isati yapera, tinoda sungano.

324 Zvino, rangarirai, vaHebheru 13:10-20, "sungano yakanguva." Vimbiso dzaMwari dziri muRopa dzinotisunungura pazvivi. Ameni! Hamuna chivi maAri; chivi, hundini, nyama.

325 Munamate wogoratidza simba raKe rakavimbiswa! Vanhu vesungano yaMwari iri muRopa, muchiratidzo, vanhu vesungano vano Mweya waJesu Kristu mavari, kusvikira, "Uyo anotenda maNdiri, mabasa Andinoita, achaaitavo," kuratidza sungano. Muri kuona?

326 Testamente Itsva! *Testamente* zvinoreva "sungano." Ndizvo chaizvo, handizvo here, Dhokotera Vayle? *Testamente* zvinoreva "sungano". *Testamente Itsva* zvinoreva "sungano itsva." Testamente Yakare yaiva yakare, pasi pegwayana, kuti hupenyu hwaro hahwaikwanisa kuuya pamutendi. Testamende Itsva raiva Gwayana raMwari, Hupenyu Hwaro hunodzoka patiri. Hupenyu hweRopa! Maona? Ropa Hupenyu muTestamente Itsva, maona, Hupenyu hunobva muRopa reGwayana, zvinoreva Testamente Itsva, sungano itsva.

327 Kuti, Mwari, "Shure kwamazuva iwayo Ndichanyora mirairo yangu pamahwendefa omwoyo yavo." Maona? Maona? Kwete pamahwendefa amatombo, neropa regwayana, ramaiti, 'Hongu, ndi—ndine ropa *pano*, zvino uri kunzi uitei?' Asi pamahwendefa omwoyo yenyu, maona, sungano yoMweya ndiyo yaNdichaita navanhu."

328 Uye Zvinoratidza simba raKe. Johane 14 ndima 12 inoti, "Uyo anotenda mandiri, mabasa Andinoita achaaitavo."

329 *Testamente Itsva* "isungano itsva," Hupenyu hutsva, hunoratidza kuti Jesu akazadzisa zvose zvaidikanwa naMwari, kuti tidzorerwe zvakare, savanakomana navanasikana vaMwari, vechokwadi, pasi peRopa, pasina kupomerwa mhosva zvakare.

330 VaRoma 8:1, "Naizvozvo hakuchina kupiwa mhosva kuna vari muna," kwete avo vari *kungoZvitenda* asi "avo vari muna Kristu Jesu, vanofamba kwete vachitungamirwa nenyama, asi noMweya. Uye Shoko Rangu Mweya noHupenyu." Maona? O-

o, handingatori mharidzo kubva apa here tigara kwamaawa mashomanana. Asi tichakurumidza pazviri, munoona.

331 Hakusisina kupiwa mhosva, wasunungurwa pazvivi, wasunungurwa pamitoro yenyika, hapasisina kupomerwa. Mhosva yei? "Kuna avo, vakabhabhatidzwa noMweya, muMutumbi mumwe chete." Imomo Ropa reGwayana rakaiswa. Mwari woKudenga akakugamuchira, uye zvaŒ. . . . ŒHupenyu Hwake huri mauri, uye mava vanakomana navanasikana vaMwari.

332 Hunhu hwako hunhu hwaMwari. Chii ichi, kungosaidzirwa here? Kwete, changamire! Mwari ndiMwari wokutonga. NdiMwari wezvakarurama. Zvinofanira kuva mumutsetse. Hapana chimwe chinoshanda. Ndihwo hunhu hwaunahwo, nokuti uri hunhu hwaBaba vako. Maona?

333 Ko chii? Hupenyu, tarisai kana (hwa) hupenyu hwakatorwa, pachinzvimbo cheropa. Maona? Hupenyu, pachahwo hunotorwa. Maona? Hupenyu, hunotorwa, panzvimbo yeropa. Maona? Ropa rakaiswa, asi hupenyu hahwaigona kuvuya pamutendi nguva iyoyo, nokuti hupenyu hwemhuka. Kwete hupenyu . . .

334 Asi, onai, panzvimbo yomunhuvo zvake, aiva Munhu, wapamusoro-soro. Maona? Izvi zvinoita kuti munhu asangova munhu chete, asi mwanakomana nomwanasikana waMwari, woHupenyu hwapamusoro-soro-soro-soro-soro, hwaiva maAri, hudzoke pauri; hokushandura kubva pakuva mutadzi, nezvinhu zvenyika, nokungova nhengo yechechi, nomunhu wedhinominesheni, woitwa muKristu akaberekwa patsva, azere noMweya; Hupenyu hwaMwari huchierera kubva mauri, sokuvaima komoto womupfuri, uchifamba, uzere nesimba, rudo, nohunyoro, sokufamba koMweya Mutsvene, uchitaura. O-o, zvangu! Hezvoka. Uye ne(chii?) kunzwa Mharidzo, wakatarisa Shongwe yoMwoto, nechisimbiso chakaropafadzwa, "Ndakayambuka kubva murufu kuenda muHupenyu." Cherechedzai, zvino, hapasisina kupomerwa zvachose.

335 "Kana mwoyo yedu isingatipomeri mhosva, tinogamuchira chikumbiro chedu, maona, tinoziva." Asi kana chivi chiri mumwoyo yedu, zvino tinonzwa kupomerwa, ti—tirege zvedu kutanga pazviri. Maona? Unofanira kusunungurwa pazvivi. Zvino nzira chete yokusunungurwa pazvivi ndeyokupinda maAri. Ndicho chete chifukidzo chiripo chezvivi, ndiKristu.

336 Rangarirai, sungano yeRopa, sungano yeRopa haigamuchirwi pasina Chiratidzo. Haugoni. Haukwanisi. Ungati, "Zvino, nda—ndakacheneswa kubva pazvinhu." Handicho Chiratidzo. Mweya, ndiwo Chiratidzo, Mweya waKristu pauri. Zvitende!

337 Zvino, tarisai, Shoko rakatitsidzira vimbiso. Izvi zvose misoro yemharidzo yandanyora pasi. Zvinoita sokunge,

ndicharamba ndichiparidza zuva rose, maona, panyaya iyi. Maona? Shoko rinotitsidzira vimbiso, nokuti Iro ndiro vimbiso. Shoko iVimbiso, uye Shoko ndiMwari, zvakare Shoko nde—nderedu. Tinova Shoko, Shoko rova isu. "Uye kana mukagara maNdiri neShoko raNgu mamuri," zvino, maona, inozova mhuri huru imwe chete. Maona? Zvinotitsidzira. Nokuda kwei? Nokuti, chikamu chedu. Maona? Maona? Maona, Rinova chikamu chedu. Imharidzo yakadini! Zvakanaka. Zvinotitsidzira, vimbiso.

338 Chiratidzo chapupu chokuti mari yabviswa uye yagamuchirwa. Zvino, haugoni kuwana tikiti kubva kune vezvitima usati wabhadhara mari; uye nzira chete yokubvisa mari kubhadhara. Ndizvozvo. Kuita sei? KuZvitenda. KuZvigamuchira. Kuteerera kwakazara kuShoko rose raMwari kunokupa kodzero yeChiratidzo. Kuteerera kwakazara! Kwete chikamu Charo sokutenda kunokwaniswa nedhinominesheni rako, asi Rose zvaro. Kuteerera kwakazara kuShoko, riri Kristu, kunokupinza muna Kristu.

339 Zvino ngatiti wapinda, asi tsoka dzako dziri kunze? Ngatiti wapinda, asi maoko ari kunze? Zvichida mutumbi wose wavamo, asi mwoyo uri kunze? Maona? Maona? Mwoyo uchiri munyika nazvino? Maona? Asi hatidaro.

340 Kuteerera kwakakwana, nokwakazara kunoita iwe neShoko chinhu chimwe. Ritende, rose. Uye Rose riri mauri, chiRiona richishanda nomauri.

341 Hauzofambidzani nezvinhu zvisina nebasa rose. Maona? Uri muKristu. Hazvinei kuti ndiani anoti kudini, havambokubati. Uri muna Kristu. Wakachengeteka zvachose.

342 Apo rufu parunogogodza pamusuvo, harukubati, maona, kana napaduku pose. Sei? Kunenge kuri kungobuda mumutumbi *uno* wopinda muno Mumwe.

343 Zera harina zvarinoreva. Wabuda muzera. Wava muNguva isina magumo, nokuti uri maAri. Iye haana Magumo enguva. Hazvina mhosva, kuti uri muduku, chembere, wezera rapakati, kana zvipi hazvo. Akanaka chiso, akaipa, mupfupi, mukobvu, kana chii, hazvina basa. Hazvina.

344 Haungofambi-fambi, nokungoita zvinhu izvi zvose. Wakapfuura, izvi zvose. Wakafa. Hupenyu hwako hwakavigwa muna Mwari nomunaKristu. Wakasimbiswa imomo noMweya Mutsvene, uchifamba muna Kristu. Chinhu chete chaunoona ndiKristu. Ndizvozvo bedzi. Izvozvo bedzi, uchifamba. Asi, O-o, vedu! Ndicho chikonzero taiimba ruyo urwu!

"Ndizadzei norudo rwenyu,
Ndichifamba noMweya Mutsvene;
Ngandifambe nzira yose, norumbo norudo,
Ndizadzei . . .

345 Ngandive hama. Ngandirarame somuenzaniso wakanzi naKristu ndizvo zvakafanira kunge munhu ari. Ngandive hama kuhama, hama kuhanzvadzi. Ngandive mu— mushumiri kuvashumiri. Ngandive muenzaniso yemienzaniso. Ngandiratidze nyika kuti Shoko iri ndiKristu. Zvino nzira chete yandinokwanisa kuzviita ndeyokupinda maAri. Nokuti, handikwanisi kuzviita ndoga, hauzvikwanisi. Asi ingorega Shoko newe chive chinhu Chimwe chete, Rozvirarama Roga mauri. Uri tsamba inofamba yaJesu Kristu, kana Ava nokutonga kwakakwana, kutonga mauri, kuita Shoko rose.

346 Kana akauya *napapa*, "Ndinoda kuita Ichi," iwe woti, "Kwete, kwete, handiZvitendi," maona, hausati wava muShoko. Maona?

347 Rakazara, zvino tarisai, zvino, kuteerera kwakazara kuShoko rose raMwari kunotipa kodzero yeChiratidzo. Zvino kana tonamata, namata, tinenge tava neChiratidzo chatinounza nomunamato wedu.

348 Kana ukati, "Ndinonamata, Ishe, asi chaizvo handina . . . " Zvino, hauna. Zviri nani urege hako, maona, ku . . . Pinda mukati, utange, wawana Chiratidzo, uri kuona, nokuti Chiratidzo ichocho ndicho chaAnogamuchira. Maona? Hongu, changamire.

349 Kana tichinamata, tinofanira kuratidza Chiratidzo, "Ishe, ndakaKuteererai, zvakazara. Ndakatendeuka pazvivi zvangu. Ndinonzwa kuti Makandiregerera. Ndakabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu. Mweya Mutsvene uri mandiri. Zvino ndine chinhu chandiri kukumbira kuti Imi mukudzwe. Ishe, ndinochikumbira. Ndechangu iko zvino." Ipapo pane chinhu chinobva chadzika hoko mumwoyo *umu*, "hwi-hwi-i," ndechako. Ndizvo zvinoshanda. Zvino zvinobva zvapera. Zvapera. Zvaringana. "Ndinokumbira *ichi*. Ndiri kuchikumbira. Ndinofanira kuva nacho. Maona? Maona? Ndi— ndinochida kuti Murumbidzwe." Maona? Zvakanaka, ndizvo zvazviri, zvino Anokupa. Zvino unozoziva kuti ndechako. Ndizvo zvaunoitavo, kuvana vako, nezvimwe zvakadaro, tinoisa Ropa, tozvitenda. Ndizvo chete. Zvakanaka.

350 Iye anoitei zvino? Kana, uchikwanisa kuunza Chiratidzo nomunamato wako, zvinoratidza kuti wasvika pakuteerera zvakakwana Shoko rose raMwari. Kana uine Chiratidzo, zvinoratidza kuti wateerera Shoko rose. Zvino, iwe neShoko mava chinhu Chimwe. Uri kungokumbira zvauri. Maona? Maona? Zvino, sei, unoziva.

351 Kana ndikati, "Ruoko, nditeerere, tora hengechepfu iyo!" Runozviita. Maona, ruoko rwanditeerera. Chii chikonzero? Chikamu changu. Maona?

352 Zvino iwe neShoko kana mava chinhu chimwe, vimbiso yose, Mwari ngaarumbidzwe, vimbiso yose ndeyako. Inokuteerera.

Zvino unozoda kungwarira zvaunoita. Haungaisi ruoko rwako mumoto, kuti ugoti, "Ndionei ndichizviita." O-o, kwete, kwete! Maona? Asi kana paine chinhu mumoto, chandinofanira kutora, unonditeerera. Maona? Maona? Ndizvo chaizvo. Maona, unoda kungwarira zvaunoita.

353 Ndicho chikonzero Mweya Mutsvene uchipihwa kuvashoma, nezvimwe zvakadaro. Munoziva zvandinoreva, nokuti vamwe. . . Haudi ku. . . Muranda waMwari chaiye haazvitutumadzi naZvo, muri kuona. Ndizvozvo. Ndiko kushamisira.

354 Patinonamata, tinoratidza Chiratidzo. Zvinoratidza kuti takateerera zvakazara.

355 Pauro anotiudza kuti, "Ropa rinotaura." Izvo, munhu wose anozviziva kuti ropa, pacharo, roga, haritauri. Harina hupenyu. Ndizvo here? Vangani vanozviziva? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Asi vangani vanoziva kuti ropa rinotaura? ["Ameni."] Kana muchida kuzvinyora pasi, Genesisi 4:10. Mwari akati, "Ko munun'una wako ari kupi?" Akati, "Ropa rake riri kuchema kwandiri, nokuda kwako." Ameni! Ndizvo here? Ropa rake riri kutaura. Hareruya! [Hama Branham vanorova maoko katatu]. Mwari akati, "Ko aenda kupi?"

Iye akati, "Handizi muchengeti womunun'una wangu."

356 Akati, "Ropa rake riri kuchema. Ropa rake riri kuchema." [Hama Branham vanorova katanhatu papurupeti—Mupepeti.] Chiratidzo. Chiratidzo, chokuti akanga aurawa. Ropa rake raichema nokuda kwake.

357 Zvino, mukazvitarisa muna Genesisi 4:10, motarisazve muVaHebheru 12:24, motanga kuverenga. MuVaHebheru 10,12:-4. Inoti, "Ropa raJesu Kristu rinotaura zviri nani kupfuura raAbheri."

358 Maona, Abheri, aiva munhu wakarurama. Akafa. Akafa, asina mhosva, nokuti aiva muNzira. Akanga ari muNzira, akamirira chizaruro chaakanga anacho. Akachitaura. Zvikadavirirwa! Ropa rakarurama raAberi rakachema nokuda kwaKaini.

359 Asi ropa raJesu Kristu, harina kungochema bedzi, Rakanga ratidzikinura. Ameni! "Rinotaura zviri nani." Rinokuitai vanakomana navanasikana. Rinokuvanzai pahasha dzaMwari. Maona? Ropa raAbheri haraikwanisa kuvanza Kaini, asi Ropa raJesu rinokwanisa. Ameni!

360 Nokudaro, Kaini, buda pachena nhasi, kana wanga uri mutambudzi weShoko, uchiti "Mazuva ezvishamiso akapfuura. Zvinhu iZvi hazvina maturo, nezvakadaro."

361 Riri kuchema, muri kuona. Ropa raJesu Kristu riri kuchema, asi rinokuregerera maRiri kana mukaRigamuchira. Ndinoshuva

kuti dai tambopedza nguva yakati panyaya iyi, maona, "Ropa rinotaura zviri nani."

362 Tenda, kuti uchengetedzwe. Woisa chiratidzo, maona. Tenda mazviri. Hezvi zvaunofanira kutenda mazviri. Maona, unoda kuti uchengetedzwe. Unotenda kuti uchengetedzwe, zvino woisa Chiratidzo kumhuri yose. Maona? Ungati, "Ko ndingazviita sei?" Zvitore! Kana Zvakashanda pauri, zvino iwe neShoko mava chinhu chimwe. Ameni! Ameni! Maona? Maona, Chinoshanda kwamuri mose. Iwe neShoko muri chinhu chimwe, zvino Chichiisira vana vako, Chiisire vadikanwa vako.

363 Sezvakaitwa naRahabhi, akaisira baba vake chiratidzo, amai vake, hanzvadzi navanun'una vake, akavapinza vose.

364 Chiise, uti, "Ishe, ndava kutevera mwanakomana wangu. Ndava kutevera mwanasikana wangu. Ndinomutora! 'Dhiabhorosi, muregedze!' Ndava kumutevera. Ndaisa Chiratidzo changu, Mweya Mutsvene. O-o Mweya Mutsvene, unorarama mandiri, bata mwanasikana wangu uko. Ndava kuenda kwaari zvino, nechizoro Chako pandiri." Anozviita. Ameni.

365 Ndizvo zvavakaita muEgipita. Ndizvo zvavakaita muJericho.

366 Kana muchida kuverenga rimwe gwaro, Mabasa 16:31. Pauro akaudza mukuru wezana, "Tenda! Ndini mutumwa wenguva ino. Tenda kuna She Jesu Kristu, iwe, nemhuri yako muchaponeswa." Ndizvo here? Tendera imba yako, vaunze vose. "Zvino makaona Mwari wokuDenga achiita chishamiso. Kutongwa kusati kwasvika. Munozvitenda here?"

"Hongu! Ndingaita sei?"

367 Akanzi, "Simuka ubhabhatidzwe." Pauro akamutora akamubhabhatidza, akamuti, "Zvino tenda kuna Ishe Jesu Kristu, iwe nemhuri yako muchaponeswa."

368 Kutenda chii? Kutenda muna Ishe Jesu Kristu, uchiitira mhuri yako, isa Chiratidzo pamhuri yako.

369 Zvino chii chaunoita kana waisa Chiratidzo paimba yako? Bvisa tsvina yose. Bvisa madhirezi ose mapfupi, zvikabudura, makasa, fodya, materevhizheni, nezvimwe zvakadaro, wozvibudisa mumba, paunenge uchiisa Chiratidzo; hauchaiti zvokutamba. Hongu, changamire. Bvisa zvose. Kudhanza kwose, namafaro, nemimhanzi yomunyika, mapepanhau anonyadzisa, nezvinhu zvose zvomunyika, zvirashire kunze kweimba, uti, "Tava kuchenesa nzvimbo ino."

370 Sezvakaitwa naJakobo, akati, akaudza mudzimai wake navamwe vose, akati, "Gezai hanzu dzenyu nazvose. Bvisai vamwe vamwari." Ameni. Jo- . . .

371 Munoziva zvakaita Joshua asati ayambuka? Akati, "Gezai hanzu dzenyu; musaswedera kumadzimai enyu, nezvimwe

zvakadaro, gadzirirai, nokuti mumazuva matatu tichayambuka Jordani." Ameni. Akanga ava kugadzirira, akanga ava kuisa chiratidzo. Ameni. Ndizvo chaizvo.

372 Gadzirirai. Isai Chiratidzo. Chitendei. Chenesai. Rega vana vako, mhuri yako, vadikanwa vako, vaChione mauri. Ndizvo chaizvo. Zvinoita simba. Hongu, changamire!

373 Zvino shandisa Chiratidzo uchinamata, nokuva ne—ne—nehanya, uchitenda. Chiise norudo, nezvimwe zvakadaro, kusvikira wava kunzwa kuti zvichaitika, zvichaitika. Ndizvozvo chete. Chiise nokugutsikana, uchitenda kuti Zvichabatsira. Kana wava kutaura nomwana uyu, murume wako, mudzimai, kana kuti mudikanwa, tenda kuti Zvichabatsira. Womira ipapo, uchiti, "Ishe, ndavakumbira. Ndovangu. Ndiri kuvaisa kwaMuri, Ishe."

374 Isa Chiratidzo, sika hupo pauri, hwokuti vanobva vapinda mahuri. Maona? O-o, une, une, kana une Chiratidzo, unosika hupo hunokupoteredza, hwesimba, zvokuti paunofamba, vanhu vanoziva kuti uri muKristu. Vanoshuwa kuti utaure chinhu kwavari. Vanotenda shoko rako. Zvaunotaura, vanobatira pazviri. Maona? Ndizvozvo.

375 Isa Chiratidzo, wofamba naCho. Kumbirira mhuri yako. Unofanira kuzviita zvino. Ino inguva yamanheru. Zvino, manga makateerera kwenguva refu, yava nguva yamanheru. Inguva yokuisa zvino. Hasha dzichadururwa, rimwe ramazuva ano, panenge pasisina nguva zvino. Maona? Isai Chiratidzo, nokushinga.

376 Kana muchida kuzviverenga, verengai apa, Gwaro randanyora pasi, VaEfeso 2:12, kana muchida kurinyora pasi. Cherechedzai, VaEfeso 2:12, kana mukaiverenga inoti, "Hatishumiri mabasa akafa, asi tinoshumira Mwari mupenyu, namabasa mapenyu." Ameni! [Hama Branham vanorova maoko avo kaviri—Mupepeti.] O-o, vedu! Namabasa mapenyu, zviratidzo zvipenyu. Munotenda zviratidzo zvipenyu here? [Ungano inoti, "Ameni."] Nyorai zvakare, VaHebheru chitsauko 9:11-14, Kana muchida kunyora pasi. Zviratidzo zvipenyu, mabasa mapenyu, isai izvozvo!

377 Kwete zvitendwa zvakafa, "Ndichatora mwanakomana wangu ndoenda naye kuchechi ndoona kuti ajoinha chechi."

378 Mumwe mukomana wakanaka wechiKristu pano, shamwari yakanaka, sahwira chaiye, munhu kwaye, a—akauya kuno, akabhabhatidzwa. Mai vake vakati, "Dai waenda kuchechi hombe, kana wa—waida kubhabhatidzwa." Maona? Maona, akanga asingadi zvitendwa zvavanhu zvakafa nezvimwe zvakadaro. Maona?

379 Hatishumiri zvitendwa zvakafa navamwari vakafa. Tinoshumira Mwari mupenyu Ane Ropa rakadeurwa shure

uko, Chiratidzo chikaiswa, kuti tinoraramavo. Ameni. Hongu, changamire!

380 Usashumire zvitendwa zvakafa. Vanoramba kuti kune Chiratidzo. Vanoti, "Mazuva ezvishamiso akapfuura. Hakuna chinhu chakafanana nokubhabhatidzwa noMweya Mutsvene." Sei uchida kupinda muzvinhu zvakadaro? Maona? Rega kudaro.

381 Isa Chiratidzo, "woshumira Mwari Mupenyu," kuti uve namabasa mapenyu, zviratidzo zvipenyu; zviratidzo zvinopodza vanorwara, kumutsa vakafa, kufanotaura zvinhu, kutaura nendimi, nokududzira, zvakakwana nguva dzose, kuprofita nokutaura kuti *chakati nechakati* chichaitika, kuratidza zviratidzo muDenga, napanyika, zviratidzo nezvishamiso, ameni, kutaura chaizvo-izvo zvakataurwa neBhaibheri kuti zvichaitika. "Shumira Mwari Mupenyu," isa Chiratidzo!

382 Usaenda kumachechi aya nokujoinha mabasa akafa nezvinhu zvakadaro, nokuti havatendi zvinhu zvakaita sezviratidzo. Asi isu tinotenda, ameni, zvizive iZvozvo . . . Vanoti, "Hakuna chinhu chakafanana nechiratidzo. Izvo, o-o, o-o, izvo hazvina maturo. Zvavanotaura uko, hupenzi. Ko, hakuna zvakadaro. Ko, imi madzimai mose, O-o, mu—mu, ko, hamu . . . Zvamunopfeka zvakadini . . .?" Zvinawo. Bhaibheri rinodaro. "Ko bvudzi renyu rine . . .?" Bhaibheri rinodaro.

383 Ndiwo, mutsauko wacho chete, maona. Usagunzva, usabata, usaravira." NdiMwari. Maona? Zvino, zvine zvazvinoreva.

384 Zvino, vanofunga kuti hupenzi. Asi kwatiri vanotenda tichiziva Chokwadi, tinoziva Hupo Hwake Hunorarama, Hunoita zvinhu zvimwe chete zvaAkaita Ari pano panyika. Ameni.

385 "O-o," vanoti, "vanoita zvokufunga kuti vanoona Shongwe yoMwoto." O-o, kwete! O-o, kwete! Hapana chatinofungidzira.

386 Vaifunga kuti Pauro, aIfungidziravo. Egipita yaifunga kuti Israeri iri kuIfungidzira, asi Yakavatungamirira kunyika yechipikirwa. Hongu, changamire! Hati . . .

387 VaHebheru 13:8, munoziva, "Jesu Kristu haashanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi," kana muri kunyora izvi, pasi, maona, kuti, "Mumwe chete." Ha—hazvi—hazvifanani . . . Kungoita zvokufunga.

388 Kana ndichinyora Magwaro awa ndinoanyora apa, kuti ndizive paari Magwaro acho, uye ndiwo mazivire andinoita paari. Maona?

389 Tinoziva kuti Hupo Hwake Hunorarama, nokuti ari kuita zvimwe chete muMweya. Zvino, dai zvakatsaukira kune chimwe chitendwa kana dhinominesheni, taibva taziva nokukurumidza kuti haasi Kristu. Handizvo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Kana ndikakutungamirirai kune chimwe chitendwa kana zvimwe, zvakadaro, ndinenge

ndatumwa nerimwe dhinominesheni. Asi handisi kukuunzirai zvitendwa, uye handisi kukudzidzisai zvamadhinominesheni. Ndiri kukudzidzisai Shoko raMwari, riri simba rokumuka kwaJesu Kristu richiratidzwa, kwete kwandiri chete, asi ani nani anoda. Maona? Kuti wa . . .

390 Uri hama yangu. Handisi munhu mukuru, iwe munhu muduku. Tose tiri vanhu vaduku muna Mwari. Maona? Tiri vana vaKe vaduku. Hapana chatinoziva, sezvatinofanira kuziva. Anotizivisa nokuda kwaKe, uye tinoMutenda nokuda kwezvatinoziva zvamaropafadzo aKe. Uye hazvisi zvangu ndoga; ndinoda kugoverana nemi. Maona? Ndinoda kuti muve maZviri, uye ndinoda kuti mugamuchire Chiratidzo ichi. Uye kana musati mazviita . . . Vazhinji venyu, vakawanda venyu, makatozviita kare. Asi kana vamwe venyu musati mazviita . . .

391 Munoona, ndiri kutaura pamatepi, zvakare, munonzwisisa. Uye kazhinji kazvo . . . Handitauri muno muchechi; tose takabuda, ndinofunga. Asi pangangova nezvuru zvezvuru zvichanzwa tepi iyi, maona. Uye, iyi, ishumiro. Pano munhu angapinda muJeriko, munoziva, netepi, nokudaro tinoda ku—tinofanira kubata Mbeu yakatemerwa kana tapinda imomo, munoona, nokuti hasha dziri kuuya.

392 Zivai kuti hupo hwaMwari Mupenyu, hunoratidzwa kuti Mwari wakaMumutsa maererano neShoko raKe raAkavimbisa. "Chinguva chiduku nyika haichazoNdioni. Jeriko, Egipita, havachaNdioni. Asi muchaNdiona, nokuti Ini . . . " "Ndiri," iye pachake, ndizvo zvinonongedzerwa, munoona. "Ini ndinemi. Ndini Chiratidzo. Kumuka kwaNgu Chiratidzo. Mabasa aNdinoita achakuratidzai, acharatidza Ini mamuri."

393 "Sezvazvakanga zvakaita mumazuva a—aRoti, ndizvo zvazvichaita pakuuya kwoMwanakomana womunhu, kana Shoko ramanheru rauya."

394 "Nokuti nenguva yamadekwana chiedza chichavapo. Panguva yamadekwana, Chiedza chichavapo." O-o, Mwari ngaArumbidzwe! Zvinoita kuti ndinzwe kumhanya napakati pehondo nokusvetuka rusvingo. Maona? Maona? "Chiedza chichavapo munguva yamadekwana." Ndizvo chaizvo. Muprofita akadaro.

395 "Ndichava nemi. Ndichava muchizvarwa chaLuther; Ndichava muchizvarwa chaWesley; Ndichava muchizvarwa chePentekosti; asi panguva yamanheru chaipo, Chiedza chichavapo." Madhinominesheni achapfura, zvino Chiratidzo chichaiswa." Uye vose ava vakatendeka mumwoyo, munguva yose iyi, pasina—pasina imi hava—havakwaniswi. Asi mamuri . . .

396 Kufanana nokuti musoro unofanira kuenda, wondofambisa tsoka. Musoro unofanira kuenda, wondotora ruoko. Musoro unofanira kuenda, wondotora mwoyo. Musoro unofanira

kuenda, wondotora muromo. Munoona, musoro unofanira kundotora.

397 Uye tiri panguva iyo chiratidzo chaiiswa pabango rapamusoro pomukova, muri kuona, napamativi. "Uye kana Ndichiona ropa, chinova chiratidzo, Ndichakupfuurai."

398 Ndichakurumidza, napandinogona iko zvino. Mumaminetsi mashanu kana gumi tinenge tapedza.

399 Zvinoratidza kuti Mwari akaMumutsa kuvakafa. Munozvitenda here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ari kurarama pakati pedu nhasi. Zvino "Ndiri" uyu ndiKristu. Zvino "Ndiri" uyu anesu kusvikira kumagumo kwe. . .ndiko *kuguma*, zvinoreva, "kuparadzwa kwenyika." "Ndinemi kusvika kumagumo enyika," sezvaAkakuvimbisa muShoko raKe. Akazvivimbisa. "Uye mabasa Andinoita muchaaitavo." Hazvisi zvinhu zvisina maturo kwatiri. Chiratidzo. Chiratidzo.

400 Tinogamuchira chibairo cheRopa rakayereswa. Tinogamuchira Ropa rechibairo chaKe, zvino topa. . . Iye anotipa Hupenyu, Chiratidzo, chisimbiso chevimbiso yaKe. VaEfeso 4:30, inoti, "Musachemedza ropa here"? Kwete. "Musachemedza Mweya Mutsvene, wama" [Hama Branham vanomira, vachirega ungano ichipedzisa kuti, "kusimbiswa,"] "wamakapinzwa nawo musungano, kuiswa kure. . ." Muri musungano. Murimo. Muri Chiratidzo, Mweya Mutsvene, uchange uri chisimbiso. Kana chinhu chanamirwa mukati mechisimbiso, haufaniri kuzarura. Haungachizaruri, kwete, Chisimbiso chaMwari. Kwete. Maona? Nokuti uri. . . "Musachemedza Mweya Mutsvene waMwari, wamakasimbiswa nawo kusvikira zuva rokudzikinurwa kwenyu, apo mutumbi uchamutswa."

401 Imbeu, chiratidzo chokuti mbeu yavandudzwa noHupenyu Husingaperi, "*Zoe*" 'Hupenyu Hwangu Ndimene,' uye ndichahumutsa zvakare nezuva rokupedzisira." Paunenge uchifamba, uno kugutsikana kuti Hupenyu hwaKristu huri mauri, iwe uri maAri. "NoMweya mumwe chete tose tinobhabhatidzwa muMuviri mumwe, tosimbiswa imomo noMweya Mutsvene," pakati pavatendi vakaita savava, "kusvikira zuva Jesu raachatimutsa." O-o, vedu! Isai Chiratidzo. Ndizvo zvachinoreva kwatiri. Tinotarisira Chibairo kuti chitipe Hupenyu, uye Chinotipa. Uye Chinotipa Chiratidzo, toisa Chiratidzo, chinova Chisimbiso kusvikira. . . Tive—tive vagoverani veIzvi, chinhu chikuru zvakadini, kuva vagoverani, takabhabhatidzwa noMweya mumwe chete, womu-. . .Mutumbi womweya.

402 Ndataura izwi iri zvakanaka here, *womweya* Womweya, Mutumbi womweya, Muviri womweya waJesu Kristu. Munoona, Mweya Mutsvene wanditi, "Uri kutaura zvisiri izvo." Munhu asingazivi seni, asi Ati, "Uri kutaura zvisiri izvo," ndataura kuti,

"*mutumbi womweya*," uri Muviri wakavanzika waJesu Kristu, munoona, Mutumbi usingaonekwi waJesu Kristu. Ini handi . . . Dzidzo handiyo yatinoda, tinoda Mweya Mutsvene. Ndiwo chete. Munona? Ndiwo Chete. Hongu, munoona, pamwe zvagumbura mumwe munhu kune imwe nzvimbo, mumwe mudzidzisi, zvino ndinovimba kuti azvinzwisisa. Muviri usingaonekwi! Zvataurirwa chikonzero, nokuti haAngadai ataura izvozvo. Maona? Ari pano zvino. Ari pano papurupeti. Arimo mukati umo. Ndiye. Maona? Wu-u!

403 Uye MaAri hamuna rufu. MaAri hamuna kusuwa. MaAri hamuna kuneta. MaAri hamuna chivi. MaAri hamuna chirwere. MaAri hamuna rufu. Tiri maAri! Kana Satani akaedza kukutambidza chimwe chinhu, sechirwere, ingotora Chiratidzo chako woChishandisa. O-o, veduwe! Tora Chiratidzo chako woChishandisa, nokuti wakatengwa naJesu Kristu. Chiratidzo chinomirira kuti mari yabhadharwa.

Anoti, "Kana wafa, warasika."

404 Iti, "Handizvo. Ndine chakatengwa. Ndakatengwa. Ndine Chiratidzo."

"Chiratidzo chii?"

405 Anoziva kuti Chii. Rega, rega kumunyengera. Anoziva kuti Chii. Zvino, ungagona kutaura navamwe vavaparidzi ava, vagokakavara newe. Kwete Satani; anoziva zviri nani. Maona? O, hongu. Anombouya achirwisa, kaviri kana katatu, unoziva, okanganisa, pakukuyedza. Satani anoziva nyaya yauri kutaura. Ingoratidza Chiratidzo, anotiza. Hongu.

406 Nokuti, chii? Chinhu chasimbiswa nokunamirwa. Haagoni kuchizarura, wopinza chimwe chinhu chakaipa imomo. Iti, "Bvisa mavoko ako! Ndakasimbiswa." O-o, vedu! Munhu akasimbiswa! Hongu, changamire! Wakatengwa. Bata Chiratidzo chako pamusoro pokutenda kwako kusingazunguzwi muvimbiso yaKe, unomuona achienda. "Munamato womunhu akarurama une simba unobatsira zvikuru!" Maona? Maona? Tora Chiratidzo icho. Ndiro basa raCho. Satani aripo kukuedza.

Aiva muEgipita, kuti aedze.

407 Ko, munozivei, zuva riya apo Rahabhi chipfeve chiya akarembedza . . . Chipfeve chiya pachakarembedza bote dzvuku, bote riya, mamwe masoja ndinofunga akaseka akazvidza, vakati, "Mukadzi uyu anopenga apo paari! Musoro wake wasangana. Tarisai, muone zvaainazvo, ha, ha, ha! Ko, wakambonzwa zvakadaro here? A-a, Dhokotera Jones vakati, 'Hapana zviripo paye.'" Asi zvaivapo, nokuti Mutumwa waMwari akanga aunza Shoko akavaudza.

408 Haufunge here kuti vaEgipita vakati, "Zvinoita kunge . . . Iwe, tarisa boka ravatsvene vasina hunhu vari kuisa ropa! Ha, ha! Havachazonetseki nokurigeza here, zvino! O-o, vedu!

Dzimba huru dzakanaka dziya, dzose dzazorwa ropa! O-o, kunhuwa kwacho! Ndinokuudzai kuti mumazuva mashomanana zvinenge zvava kusemesa. Hazvirevi chinhu. Unoziva kuti sei? Baba vatsvene *nhingi nanhingi*, vakadaro." Asi pane chaivapo. Zvaireva chinhu. Pane zvazvaireva.

409 Pane zvazvinoreva kwatiri isu vanoZvitenda. Munoona? Rangarirai kutenda kusingazunguzwi kwamunako muShoko iri! Zvino, hamuna kufanana naEvha. Maona? Hamusisiri avo vanokahadzika, zvino, zvakanaka, vachiwirirana naSatani. Batai Shoko rose raMwari. Maona?

Eva akati, "A-a, Mwari akataura!"

410 Satani akati, "Asika, unoziva, Ishe havangaiti chinhu chakadaro kumunhu akanaka sewe. O-o, wakanaka zvikuru. Haangaiti zvakadaro." O-o, hongu, Anoitavo, zvakadaro. Akati Achazviita.

411 Zvino, baba vangu vaiva muparidzi." Ndiri muparidzi." Ha—handina zvandingaita. Pasina Chiratidzo, wakarasika. Hasha dziri pamusoro pako, maona, ndizvozvo chete, pasina Chiratidzo. Maona? Hongu. Akati Anozviita, uye Achazviita. Zvino, hapana gakava. Akati Achazviita.

"O-o, ndinotenda kuti nguva yezvishamiso . . . "

412 Hongu, maona, asi Akati nguva iyi haisati yapera. "Handishanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi," maona, ndizvo chete zvaAnoratidza kuva.

413 Zvino, kwatiri, tinozviziva. Kwavari, havaZvitendi. Asi tinoZvitenda. Tinoziva kuti iChokwadi. Maona?

414 Zvino, zvakadaro saizvozvo, tinova chikamu cheShoko. Uye totora Chiratidzo, Mweya, pamusoro pevimbiso, "Ndini Jehovha unokuporesai."

415 Zvino chigadzirirai kupodzwa husiku huno. Maona? Tora Chiratidzo, Chiise pamusoro peShoko, kutenda kwako kusingazunguzwi muShoko iroro, anobva. Zvino, Ndi—ndiCho chinhu chinomubvisa, nokuti maAri hamuna zvakadaro.

416 Ndinoshuva kuti dai ndambopupura zvishoma zvino, pamusoro pezvinhu zvandakaona zvichiitika mavhiki mashoma apfuura. Maona? Maona? O-o, zvandingapupura nezvazvo!

417 Munoziva, uye Ruka akati, "Dai zvose zvakaitwa naJesu zvakaiswa mumabhuku, ha . . .Hapana mabhuku angakwana pasi pose kuti zvinyorwe."

418 Zvandakaona mushumiro yangu, zvandakaona Achiita, mabhuku acho haangakwani kuisa pano papuratifomu pano. Dai ndakanyora zvose zvandakaMuona achiita mushumiro yangu, zvandakamuona Achiita. Maona? Akashanda zvakanyanya mushumiro yangu, kupfuura zvaAkaita mune

yaKe. Zvino, rangarirai, Akashanda zvakawanda, kwete ini; asi Iye. Girori! Hareruya!

419 Akaita zvakawanda muJeffersonville kupfuura zvaAkaita muNazareta. Akaita izvozvo muguta riya rakashata neguta rino rakashata. Ameni! Girori! Nokuti, "Haana kukwanisa kuita zvishamiso ikoko," asi Akazviita muno. Pakupedzisira, Akazozvikwanisa muno Akazviita muno. Dzimwe nguva akandotora vanhu kumwewo, asi Aka—Akazviita, zvakadaro. Saka, Akaita zvakawanda muno kupfuura zvaAkaita mu—muKapernaume kana—kana kuNazareta, mune izvi. Akaita zvishamiso zvakawanda muno muTabhernakeri kupfuura zvaAkaita mushumiro yaKe yose panyika. Ndizvo chaizvo, Akazviita. Zvino kuzoti nyika yose? O-o, vedu! Zvino ndizvo zvaAkaita.

420 Zvino rangarirai, "Ndiye" Akazviita. Zvino, handina kuti ndini ndakaita, munoona, kwete, nokuti handina kuzviita. Handina kutombozviita. NdaingoMuda ndozviisa pasi paKe, ndotaura zvaAitaura, Mweya Mutsvene ukaenda kuna vamwe vanhu vakatenda zvaAkataura, Akagoita basa racho. Ndizvo chete.

421 Akakwanisa kuti tose tizvitende! Angaitei iko zvino kana Akakwanisa kuti tose tizvitende, iko zvino? Hapazovi nomurwere mutaundi yedu. Ndizvozvo. Akakwanisa kuti munhu wose azvitende, zvose zvinobva zvanaka. Maona?

422 Isa Chiratidzo chako pamusoro pokutenda kwako kusingazunguzwi muShoko raKe rakavimbiswa, Satani anobva aenda.

Zvino ndava kuda kupedza zvino.

423 Mwari akambopa chimwe chiratidzo kunyika; waiva muraravungu. Munozviyeuka here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Akagara, akagara akatendeka kuchiratidzo ichi, nokuti Akaupa sechiratidzo. Zvuru zvamakore ose aya, Haana kumbokundika kuisa chiratidzo ichocho. Handizvo here? ["Ameni."] Nei? Anochiremekedza. Akachipa. Akapa nyika chiratidzo chokuti Haachazoparadzi nyika nemvura zhinji. Zvino kubvira, ipapo, kubvira musi iwoyo, chinoratidzwa.

424 Pane zvinhu zvimwe zviri mumhepo, zvinoumba muraravungu. Kana konaya, zuva rikabuda, unowonekwa. Zuva rinoomesa mvura, nokudaro, Akaisa muraravungu kuratidza kuti hakuzombovi nemvura zvinji panyika ichaiparadza zvakare. Ndiyo sungano yaKe. Chiratidzo. Akati, "Ndichakupai sechiratidzo."

425 Akaremekedza chiratidzo chaKe. Akaremekedza chiratidzo chaKe mumazuva aNoa. Anochiratidza kunyangwe nhasi. Akaremekedza chiratidzo chaKe muEgipita. Akachiremekedza muJeriko. AnoChiremekedza nhasi. Anoremekedza chiratidzo chaKe kana charatidzwa.

426 Zvuru nezvuru zvamakore ose aya, Akafarira kuratidza chiratidzo ichi. HaAchikanganwi. HaAkanganwi chiratidzo chaKe. Zvino, hazvina mhosva kuti nyika inoshanduka zvakadini, muraravungu uchiripo. Maona? Anoremekedza chiratidzo.

427 Ndizvo zvaAnoita iko zvino, Anoremekedza Chiratidzo chaKe. Hazvinei kuti chechi inoshanduka sei, mafambisire avangaita *ichi*; Mwari anoramba achiremekedza Chiratidzo chaKe, ichocho choga. Zvinotiratidza kuti haAkundiki kuremekedza zvaAnoita nezvaAnotaura. Tino gamuchira nokuremekedza iZvozvo. Ini ndino remekedza.

428 Anotitarisira zvakare kuti tiise Chiratidzo chaKe pamusoro pokutenda kwedu, kuna Satani namadhinominesheni namapoka ake asingatendi, tichivaratidza kuti tinotenda kuti vimbiso yaKe ndeyechokwadi, uye Achaita zvaAkavimbisa kuita. Ndiyo Chechi iyo.

429 Ndicho chikonzero vasingasviki pazvinhu zvokutanga chaizvo, sezvatingataura; regererai mazwi aya. Ndicho chikonzero vasina kwavanosvika asi kudzokera kumadhinominesheni vova vanhu vakangotsvinda, vakangwara, vanhu venjere, vakadzidza. Hakuna kwavanosvika, nokuti ndizvo zvavanoratidza, "Ndiri muMethodisti. Ndiri muPresbyterian." Ndizvo chete zvavari.

430 Asi vatendi vanotora Chiratidzo! Uye Jesu zvaAkatanga kuita muGarirea, Anoenderera mberi nokuzviita zvino nokuratidza kwaKe Chiratidzo, choMweya Mutsvene uri pamusoro peChechi. Nokuti, akanga asiri mabasa avaapostori, aiva mabasa oMweya Mutsvene muvaapostori, uye ndicho chaiva Chiratidzo.

431 Vakati vakateerera Petro naJakobo, zvavaka . . . Petro naJohane, zvavakapfuura napasuvo Rakanaka, vachiona kuti vakanga vasina kudzidza. Vangadai vakatadza kutaura chirungu chakanaka, "Hiti, hendi, toti, tiye, fechi, keri, ndinokuudza pamusoro pe*izvi*." Maona? Vangadai vaine chirungu chavakanga vasinganzwisisi. Vangadaro vaisaziva mutsauko, zvose zvi—zvi . . . Masamhu ose amaGwaro. Asi vakabvuma kuti vakanga vafamba naJesu. Vakanga varatidza Chiratidzo ichi, nokuti Mweya mumwe chete wakanga uri paAri, asati Aroverwa, wakanga wava pavari shure kwokumuka kuvakafa. Ameni!

432 Ipapo zvinoita kuti Ave VaHebheru 13:8, "Jesu Kristu haashanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi." Ndiwo maziviro atinoita kuti Anorarama. Nokuti sei? Tinoziva sei kuti tinorarama? Nokuti Anorarama. Zvino tinoziva kuti tinorarama, nokuti takafanana naYe, uye tiri maAri. Akati, "Nokuti Ndinorarama, nemivo muchararama. Ndini Iye," muna Zvakazarurwa, "akanga afa, asi ndiri mupenyu nokusingaperi." Zvino kana ti—tikafa kune zvatiri tova vapenyu maAri,

tinorarama nokusingaperi. Zvino Hupenyu Hwake matiri hwakangofanana nohupenyu hwose-hwose, Hunoratidza zvaAiva. ZvoMuita mumwe chete zuro, nanhasi, nokusingaperi.

433 Zvino unorarama sei, kana uchiramba iZvozvo? Hamuoni here, "mabasa akafa"? Shumirai Mwari Mupenyu, noKusingaperi . . . Ndinoreva, sungano yokusingaperi yoHupenyu hwakanga huri muRopa raJesu Kristu. Zvino tichienda, kumagumo, Ndi . . . Zvakanaka, ndicha . . . Tichamira zvino. Maona, kuratidza Chiratidzo chenyasha dzaKe, rudo rwaKe! Zvino, pasina kuiswa kweChiratidzo ichi . . .

434 Zvino, ichi Chiratidzo. Chiratidzo chii? Chiratidzo chinomirira kuti chikwereti chabhadharwa. Mutengo wanga uchidikanwa wabhadharwa. Mutengo woruponeso rwedu waiva rufu, maona, hapana aikwanisa kuubhadhara asi Kristu. Kwete mwe—mweya wedhinominesheni, kwete mweya wapapa, kwete mweya womumwe munhu kana musande; asi Mweya waJesu Kristu, pamusoro peChechi, Chiratidzo chokuti chikwereti chakabhadharwa uye Akazadzisa zvose zvaidikanwa naMwari, zvakare isu naYe tava mumwe. "Nezuva iro, muchaziva kuti Ndiri muna Baba, uye Baba vari maNdiri; Ini mamuri, nemi maNdiri."

435 Isa Chiratidzo! Isa Chiratidzo chokumuka kwaKe. Nokuti, Akamutsirwa kururamiswa kwedu, takamutswavo pamwe chete naYe. Zvino tigere munzvimbo dziri kumusoro, muna Kristu Jesu, tiri mukuyanana paChiratidzo.

436 Israeri yakagara zvayo, vamwe vachichema, mudzinzira kunze uko, vakanga vasingambotya zvavo kana. Chokuita bedzi, kungova nechokwadi kuti ropa, chiratidzo, chiri kuonekwa.

437 Zvakare ndicho chinhu chete chatinofanira kunetseka nacho iko zvino. Kune nhamo munzi—munzira, iri kugadzirwa, shamwari. Hazvizi kuzononoka. Nhamo iri kuuya. Munozviziva izvozvo. Iva nechokwadi kuti Chiratidzo chiri kuonekwa. Zvino Chiratidzo Mweya Mutsvene. "Nokuti noMweya mumwe tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe, tova vagoverani pamwe chete naYe vokubwinya kwaKe," paNyika yedu, kufamba kwedu zvino tichienda kuNyika yechipikirwa.

438 MunoMuda here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Munotenda Chiratidzo here? ["Ameni."] Vangani vangati, "O-o, Hama Branham, ndinamatireivo, kuti ndipinde pasi peChiratidzo ichi"? ["Ameni."]

Tikotamisei misoro yedu.

439 Ishe Jesu, Muzere neNyasha! Nyika ino payakanga iri muzvivi, pasina aigona kubatsira, Mwari, mutsitsi, achifanoratidza, nomufananidzo, kuti kwaizouya Chiratidzo chaizobvisa zvivi; kwete kungozviputira, asi kutozvibvisa. Uye Jesu akauya panguva yakafanira, Akadeura Ropa, Hupenyu Hwake, achitora . . . Achigadzirira isu yananiso yezvivi zvedu,

uye akazoMudzosa zvakare ari Mweya Mutsvene, chinova Chiratidzo chinofanira kuchengetwa neChechi kusvikira Achiuya. Nokuti muApostora Petro akati, "Vimbiso iyi ndeyenyu, navana venyu, navose vari kure, kunyange vose vachadanwa naIshe Mwari wedu."

440 Ishe, nenyasha dzeNyu, nokubatsira kweNyu, ndinokumbirira munhu wose anonzwa Mharidzo iyi. Ndinovakumbira kuti vauye kuna Mwari, Ndinonamata kwaMuri, Ishe, ndichinamatira vari pano mangwanani ano naavo vachanzwa tepi iyi. Kana paine Mbeu kupi zvako, yakatemerwa, Ishe, kuti inzwe Shoko renguva ino yokupedzisira, dai vauya iko zvino, zvinyoro-nyoro nokuzvininipisa, voisa zvose pasi pomuchinjikwa, kana ivo pachavo, sekorona yenyasha dzaMwari dzakavadana. Zvakare ngavazadzwe noMweya Mutsvene vaise Chiratidzo choHupenyu hwaJesu Kristu mukumuka kwaKe, nguva yose yavanenge vari panyika. Zviitei, Ishe.

441 MaNzwi aya, Ishe, ndingadaro ndisina kuataura zvakanaka. Kana ndisina, ndinonyengetera kuti Mweya Mutsvene utore Manzwi aya wogoapa nenzira yaanofanira kupiwa nayo, kuti vanhu vanzwisise uye vazive, pasina godo. Uye itai kuti vazive kuti rudo runodzora. Zvakare kuti zviri kuitwa nokuda kwenguva yatiri kurarama mairi, nokuuya kwaShe kwaswedera, uye tinovona zviedza zvikuru zvitsvuku zvichivaima, munyika yose, kuratidza kuti nguva yava pedyo.

442 Dai vanhu vagamuchira Mweya Mutsvene nhasi! Ndinonamata, ndichivaisa kwaMuri, muZita raJesu Kristu. Uye ngachive Chiratidzo kwatiri kana tichiri vapenyu, sezvaMakavimbisa kuti Zvichava. Zviri nyore kuzvikumbira, nokuti Makavimbisa kuti Zvichava saizvozvo, uye ndinoziva kuti Zvichadaro. MuZita raJesu tinonamata. Ameni.

Iko zvino, takakotamisa misoro yedu, kwakanguva.

443 Nokutenda, ndinovimba, ndakunamatirai, napandinogona pose, ndinonamata nokutendeka, nazvose zviri mandiri.

444 Tarisai, ndinoziva izvozvo. Munozivei? Nokuda kwezvegumi nezvipo zvenyu ndinokwanisa kurarama. Kutsigira kwenyu, pachechi pano, kunoita kuti ndiwane vanhu vokuparidzira. Rudo rwenyu, "maameni" enyu, nokuwadzana kwenyu. Uye namashoko enyu manyoro kose kwamunofamba munyika, kwamunoenda kumatunhu ose munyika ino, mashoko enyu anobatsira kufambisa Mharidzo iyi. Ndimi. Tiri vashandi tose, naKristu. Tiri hama nehanzvadzi, uye Ndiye Mambo wedu. Uye ndinokudai. Ndi-ndi—ndi—ndi, kwandinenge ndiri, ndinoda kuti muvevo. Ndinodhiraivha mutunhu wose, kuzotaura kwamuri nguva dzakati kuti. Ndinoshuva kusangana nemi pano neSvondo mangwanani. Ndinokudai. Ndakangogara ndichikudai. Dzimwe nguva ndinotaura

nehasha, asi kungoda kugadzirisa chete. Munoona, chikonzero ndechokuti ndinokudai, maona, zvino handidi kuti mupotse iZvi. Imi, hamufaniri kudaro.

445 Iko zvino, zvinyoro-nyoro nokuzvininipisa, mumwoyo yenyu, pakadzika chaipo, Zvigamuchirei. Itai, "Ishe Jesu, zvino torai zvose zviri mandiri, zvisina kufanana neMi, regai ndibvise kuzvikudza kwangu kwose, zvose zviri mandiri, bvisai. Tsvina yose, nokusatenda kwose kuri mandiri, ndi—ndinozvirasa iko zvino, Ishe. Ndinozvirashira kunze. Regai Mweya Mutsvene wakanaka waMwari, senjiva, ufambe mandiri. Ndi—ndinoda kugara noKusingaperi, Ishe, uye ndi—ndinoda kuti Mundibatsire panguva ino. Ngazviitwe zvino."

446 Zvino muchinamara, tichaimba namahon'era chimbo ichi, kana kuti tichaimba zvinyoro-nyoro, pamwe chete, *I love Him*. Uye, rangarirai, zvinouya norudo, nokuti Iye rudo. Ndakatambanudzira maoko angu pamusoro pamahengechepfu aya, nokuti vanhu vangakwanise kuawana manheru asati asvika.

"I love Him, I love Him
Because He first loved me
And purchased my salvation
On Calvary's tree.

I love Him, I love Him.
Because He first loved me, (zvino ingozvipira hupenyu hwako KwaAri)
And purchased my salvation
On Calv-. . .

447 Mude, mude, mude Iye. Ona zvaAkakuitira. [Hama Branham vanotangisa kuhon'era *I love Him*—Mupepeti.] Zvakaitwa norudo. Rudo runounza kuteerera. Rudo runounza kufambidzana. Rudo runounza kuroorana. Uye ndiko kwatakananga, Mabiko oMuchato eGwayana. Ndinonzwa Muponesi wangu achidana, kuti, Anondidavo. Inivo! Ndi. . .

448 Nomwoyo wako wose, ingonzwa chimwe Chinhu chinotapira chichipinda mauri. Mweya Mutsvene iwoyo.

Because He first love me
And purchased my salvation
On Calvary's tree."

449 Ndi. . .Ndichasimudza maoko angu, pamwe nevungano, tichiimba. Kana ndakatadza, kana pane chakaipa chandakaita. . .

Ndiri kukunamatira iko zvino, nokuzvinamatira.

450 Kana paine chakaipa chandakaita, ruoko rwangu kwaMuri, Ishe, zvinoreva kuti ndino urombo. Ruoko rwangu kwaMuri, Ishe, zvinoreva kuti handaida—handaida kuzviita. Uye ndinoziva ndiri kufa, Ishe. Ndinofanira kusiya nyika ino,

mumutumbi uno. Ndinoda kusangana neMi. Ruoko rwangu runoreva, rutorei, Ishe. Ndizadzei noMweya. Ndipei Chiratidzo chorudo rweNyu pamusoro pangu, Mweya Mutsvene, unoita ndirarame zvinotapira, zvino hunyoro, itai kuti ndirarame Upenyu hwaiva muna Kristu; mwoyo wangu upise nokuda kwavamwe, ndisazororа, vusiku namasikati, kusvikira ndawana vose vandingakwanisa. Ndichava senhume dzeJeriko; ndichaenda kumunhu wose wandingakwanisa, ndione kuti ndingaita here kuti vapinde pasi peRopa resungano, pasi peRopa reGwayana, kuti vagashire Chiratidzo.

451 Onai, Ropa rinochenesa. Mweya ndicho Chiratidzo chokuti Ropa rakaiswa. Maona? Mweya ndicho Chiratidzo chokuti Ropa rakaiswa. Kusvikira Ropa rakaiswa, Mwe—Mweya hauuyi. Asi kana Ropa akaiswa, zvino Mweya ndicho Chiratidzo, chinotumirwa kwauri, kuti kutenda kwako muRopa kwagashirwa, wabhadharirwa. Waripirwa. Zvapera. Nyaya yapera. Wava muKristu. Uri mutendi. Kristu Ari mauri, newe uri muna Kristu.

> . . . first loved me
> And purchased my salvation
> On Calvary's tree.

452 Nomwoyo yenyu yakarerekwa zvino pamberi paMwari; mufudzi wenyu, Hama Neville, namazwi avo okuvhara nezvavachataura.

453 Rangarirai musangano husiku huno, musangano wokunamatira vanorwara. Kurumidzai kuvuya. Ngatitange nenguva dza sevheni, ini ndouya papuratifomu nahafu sevheni. Ndizvo here, Hama Neville? [Hama Neville vanoti, "Zvakanaka."—Mupepeti.] Zvino tichava nechirairo, munoona, husiku hwanhasi. Huyai!

454 Masikati ano. Garai naZvo. Musarega Mharidzo iyi ichibva. Rangarirai, musarega Mharidzo iyi ichibva!

455 Ropa richava Chiratidzo chokuti Hupenyu hwapihwa. Maona? "Uye kana Ndichiona Ropa, Ndichapfuurai." Mweya Mutsvene Chiratidzo chokuti Ropa raiswa pamwoyo wako, uye Chiratidzo chokuti Ropa rakaiswa. Kana risina kumboiswa, Chiratidzo hachiuyi. Muri kunzwisisa here? Itai, "Ameni." [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ropa rinofanira kuiswa, ipapo Chiratidzo chinouya. Chiratidzo chokuti Ropa rokudzikinurwa raiswa uye muripo wabhadharwa. Mwari akuropafadzei. Hama Neville.

CHIRATIDZO SHO63-0901M
(Token)

Mharidzo iyi naWilliam Marrion Branham, yakaparidzwa muChirungu musi weSvondo mangwanani, 1 Gunyana, 1963, paTabernakeri yaBranham kuJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakatorwa kubva patepi ikanyorwa nokudhindiswa muChirungu isina kushandurwa (kukamurwa). Kududzirwa muShona uku kwakadhindiswa muna 1995 ne Voice of God Recordings.

SHONA

©1995 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org